RAYHAN

ИНСТИТУТ АРАБИСТИКИ

# ТЭУХЬИДЫМРЭ ФИКЪХЬЫМРЭ

**Пэщlэдзэ еджапlэ,**

**2 класс**


Адыгэбзэкlэ зэзыдзэкlар:

**Вэрокъуэ Софят**

Редакцэр:

**Умм Ислам аш-Шэркэсия**

# ТЭУХЬИДЫМРЭ ФИКЪХЬЫМРЭ

## ПэщIэдзэ еджапIэ, 2 класс.

Мы тхылъым лъапIэныгъэшхуэ иIэщ,
аращи, абы хуэсэкъын хуейщ.

Мы тхылъым ухуиIэ щытыкIэ къабзэр щыхьэт хурехъу уэ уи дуней тетыкIэ дахэм!

**Тэухьидымрэ Фикъхьымрэ / ПэщIэдзэ еджапIэ, 2 класс /** 2024 / н. 79

Адыгэбзэкlэ зэзыдзэкlар: Вэрокъуэ Софят
Редакцэр: Умм Ислам аш-Шэркэсия
Вёрстка: ʻАбду-ль-Малик

Коммерцие мурадкIэ тетхыкIынымрэ гъэбэгъуэнымкIэ хуитыныгъэ щыIэкъым. Мыр уасэншэу яугуэшыным папщIэ тхылъщ!

بسم الله الرحمن الرحيم

ГуащIэмрэ ГущIэгъумрэ зиIэ Алыхьым и цIэкIэ.

## Хэзыгъэгъуазэ

Щытхъур ейщ тхэным хуэзыгъэса, цIыхум имыщIэр къезыгъэщIа Алыхьым. Абы и нэфIыр зыщыхуэн и хъуэхъур зылъысын Мухьэммэд Бегъымбарыр Алыхьым къигъэкIуащ, цIыхухэр кIыфIыгъэм къыхишу нэхугъэм къыхуишэн папщIэ.

ИтIанэ:

ИпэжыпIэкIэ, Алыхьым и тхьэзакъуэныгъэр къэлъытэныр къалэнхэм я нэхъыщхьэ дыдэщ, абы теухуа щIэныгъэри псом нэхърэ нэхъ лъапIэщ икIи гъуэзэджэщ. Аращ лэжьыгъэ псоми тегъэщIапIэ яхуэхъури, ахэр къэбыл хъуныр зэлъытари. Тхьэр зэрызакъуэр зэхэщIыкIыныр цIыхухэр зыхуэныкъуэ псоми я щхьэжщ. ДауикI, ипэжыпIэкIэ, цIыхупсэхэм я гъащIэр, абыхэм я гурыфIыгъуэхэмрэ зэкIуныгъэхэмрэ зыхэлъыр Тхьэ къэхутэныгъэрщ – абыхэм щхьэщэ хуэзыщIым, ахэр къэзыгъэщIам, Абы и цIэхэр, щытыкIэхэр, Iуэхугъуэхэр зэгъэщIэнырщ. Дин фикъхьым игугъу пщIымэ, ар щхьэщэ зэрыщIын хуейм теухуа щIэныгъэщ, апхуэдэхэщ зыгъэкъэбзэнми, нэмэзми, нэгъуэщIхэми теухуахэр. Ахэр псори насыпым и нэщэнэхэщ, икIи абыхэм къагъэлъагъуэ цIыхум и хъер зыхэлъ псори Алыхьым зэрхуигъэфащэр. Алыхьым и щытхъур зылъысын, и нэфIыр зыщыхуэн Бегъымбарым жиIащ: «Алыхьым фIыр зыхуигъэфащэм диныр къызэрихутэн Iэмал ирет»[1]. Абыхэм псоми къахэкIыу, ЩIэныгъэмрэ ГъэсэныгъэмкIэ Министерствэм жэрдэм ищIащ а унэтIыныгъитIымкIэ– тэухьидымрэ фикъхьымрэ – школ егъэджэныгъэм и лъэхъэнэ псоми хиубыдэу

1. Бухъэри (7)

егъэджэнығъэхэр къызэригъэпэщыну, еджакIуэхэм дин фIэщхъуныгъэ пэжхэр ябгъэдэлъхьэн, фикъхьым и лъэныкъуэкIэ шэрихьэтым иIэ хабзэхэр къегъэщIэн, Iэмал зимыIэу щIын хуей щхьэщэхэр егъэщIын, зэрыхъукIэ, диным теухуауэ цIыхухэм яIэ упщIэ псоми я жэуапхэр къагъуэтын папщIэ.

Мы тхылъым и къыдэкIыгъуэщIэм хеубыдэ:

1. **«Тэухьид» предметыр**, абы къриубыдэу еджакIуэ къэс, тегъэщIапIищ къагъэсэбэпурэ, я диным лъабжьэ хуэхъуар къащIэнущ:

- я Тхьэр къэхутэныр;
- я диныр къэхутэныр;
- я Бегъымбарыр къэхутэныр.

2. **«Фикъхь» предметыр**, абы къриубыдэу еджакIуэм къищIэнущ:

- зызэрыгъэкъэбзэн хуеймрэ андез цIыкIумрэ теухуауэ;
- нэмэзым и фIагъым теухуауэ;
- нэмэзыр зыкъутэм теухуауэ.

Дерс къэс зытещIыхьа Iуэхугъуэм теухуа темэ щхьэхуэхэми, предметыр зыхуэгъэзам пыщIа гу зылъытапхъэхэми къыщIыдгъуащ, кIэщIыу икIи гурыIуэгъуэу хэдгъэувэжащ, темэм хэдгъэхьахэм зедгъэубгъуурэ. Апхуэдэуи, дерс къэс упщIэ щхьэпэхэмрэ, егъэджакIуэм папщIэ чэнджэщ зыбжанэхэмрэ хэдгъэхьащ, ахэр къигъэсэбэпурэ абы и мурад псори къехъулIэн папщIэ.

**ЕгъэджакIуэхэм хуэгъэза ущие зыбжанэхэр:**

1. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ умылэжьами, уи гур Алыхьым хузэIухауэ убгъэдыхьэн хуейщ, абы елъытащ ар къабыл хъунрэ мыхъунрэ. НтIэ гъэзащIэ ар гу зэIухакIэ Абы и Нэгум папщIэ, ЛъапIэщ Ар икIи И щIыхьыр инщ, итIанэ уэ ехъулIэныгъэ ущиIэнущ мы дуней гъащIэми, къыкIэлъыкIуэнуми!

2. ИпэжыпIэкIэ, дзыхь къыпхуащIар хъумэныр – къегъэлыныгъэм и Iэмалщ. УэтIэ, сэ си къуэш/шыпхъу лъапIэ, мы диным и Iуэхугъуэ инхэм хубогъаджэ, икIи уэ дзыхь къыпхуащIащ псом нэхъыщхьэр – муслъымэн сабийхэм я акъылымрэ зэхэщIыкIымрэ. НтIэ, дзыхь къыпхуащIар хъумэ уэ, мы дуней гъащIэми, ахърэтми ехъулIэныгъэ ущиIэн папщIэ!

3. ИпэжыпIэкIэ, «Тэухьид»предметым хуегъэджэныр – IуэхуфIхэм я нэхъ инхэм щыщ зыщ. ДауикI, цIыхухэм дежкIэ хьерыр – мы дуней гъащIэм напэтехым щыхъумэнымрэ къыкIэлъыкIуэнум и псэм къытехьэну тезырым IэщIэгъэкIынымрэ – Тхьэзакъуэныгъэр къыщахутэм дежщ, апхуэдэуи, абы хуэгъэза Iуэхугъуэхэр ялэжьмэ. НтIэ, егугъу, уэ егъэджакIуэ лъапIэ, тхьэфIэщхъуныгъэ пэжхэр еджакIуэхэм ягухэм щIэбгъэбыдэн папщIэ! Ар нэгъэсауэ зылэжьхэм ящыщ зы урехъу! Уэ езым зыхэлъхьэ ахэр зыхуебгъаджэр, апхуэдэуи, щэн дахэхэр зыдалъэгъун щапхъэ яхуэхъу!

4. Алыхьыр зэрытхьэзакъуэмрэ Абы и къарур зыхуэдэмрэ джын папщIэ текст зыбжанэхэр къэгъэсэбэпын хуейщ. Псалъэм папщIэ, пшэхэр уафэм зэрыщызекIуэм, уафэгъуагъуэмрэ щыблэмрэ, уэшх къызэрешхым, нэгъуэщI дуней щытыкIэхэми теухуауэ. ДауикI, ипэжыпIэкIэ,

абыхэми, нэгъуэщI къэхъукъащIэхэми диныр зи гум илъ дэтхэнэ зыми и Iиманыр нэхъ быдэ ящI.

5. ИпэжыпIэкIэ, «Фикъхь»предметым хуегъэджэным мыхьэнэшхуэ иIэщ икIи Iэмалыншагъэщ. Абы и фIыгъэкIэ, еджакIуэхэм къащIэ щхьэщэ зэращI щIыкIэхэр, ар абыхэм я къалэнхэм хыхьэхэм щыщщ, апхуэдэуи, зыгъэкъэбзэным, андезым, нэмэзхэм теухуауэ, къиъщынэмыщIауэ, шэрихьэтым щыщ хабзэхэри. Уэ егъэджакIуэ лъапIэ, уэ абыхэм дин гупсысэкIэ ябгъэдэплъхьэн хуейщ, ахэр зыхурагъаджэр ягъэзэщIэн папщIэ.

6. ИпэжыпIэкIэ, щапхъэ къэхьынымрэ, хьысэр гъащIэм къыщекIуэкI Iуэхухэм пыщIэнымрэ сыт хуэдэ предметми и къэхутэныгъэр нэхъ тынш ещI. Ар куэду щхьэпэ хъунущ еджакIуэхэм а предметыр фIыуэ къалъэгъунымкIэ, икIи абыхэм ар фIыуэ къалъагъумэ, ар яфIэфIыу яджынущ икIи ягъэзэщIэнущ абы зыхуригъаджэ псори. Дэ уи гур фIы тщIынщ Бегъымбарым, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, и сэламыр зылъысыным и псалъэхэмкIэ, абы жиIащ:

«ИпэжыпIэкIэ, мыIуминым, дунейм ехыжа нэужь, сэбэп къыхуэзыхьыну Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ абы зыхуригъэджа, зызригъэубгъуа щIэныгъэр»[2]

2. Ибн Маджэ 242

# «Ат-Тэухьид»[3]

(Япэ илъэс ныкъуэр)

## Дерс е-1-нэ. Япэ классым хэта темэхэр къэпщытэжын

**УпщӀэхэр:**

1. Хэт уэ уи Тхьэр?

2. Дэнэ щыӀэ Алыхьыр?

3. Хэт уэ укъэзыгъэщӀар, гъащӀэ къозытар?

4. Алыхь лъапӀэм жиӀащ: «Алыхьыр сыт ищӀысми я къэгъэщӀакӀуэщ»[4]

**Алыхь Таалэм къигъэщӀа Ӏуэхугъуищ тхы:**

**1)**________________________________________

**2)**________________________________________

**3)**________________________________________

5. Хэт уэшхыр къезыгъэшхыр ?

6. Хэт деж къыздагъэкӀуар Мухьэммэд Бегъымбарыр ﷺ?

3. Тэухьид – Алыхьыр Гъэзэкъуэныгъэ, псэмкӀэ къыптехуэу гъэзэщӀэн хуейр зыдж щӀэныгъэ.
4. КъурӀэн (39:62)

## Псалъэхэр пэжу хэгъэувэж.

**Псалъэхэр:**

Мухьэммэд ﷺ,Ислъам, мафIэ, Алыхь, Жэнэт, КъурIэн лъапIэр

**А.** Сымаджэ сыщыхъум деж, сэ сызыгъэхъужыр, Ар

______________________________________________

**Б.** Си диныр ___________________________________

**В.** Си Бегъымбарыр _____________________________

**Г.** Алыхь Таалэм Мухьэммэд Бегъымбар ﷺ къыхуригъэха тхылъыр – ар _______________________

**Д.** Бегъымбарым жыIэщIэ хуэхъуахэр … ихьащ, абы жиIэм емыдэIуахэр … ихьащ.

# Дерс е-2-нэ. Лъабжьищ

**ЦІыху къэс ищІэн хуей лъабжьищыр:**

1. И Тхьэр ицІыхун;
2. И диныр ищІэн;
3. И Бегъымбарыр ﷺ ицІыхун.

Бегъымбарым ﷺ жиІащ: **«Диным и фІыгъуэр зэхэзыщІар Алыхьым – и Тхьэу, Ислъамым – и дину, Мухьэммэдым ﷺ – и Бегъымбару хуэарэзы хъуаращ»**[5]

Тепсэлъыхьыным папщІэ упщІэхэр

1. Дэгъэхуахэр дэтхэж.

ЦІыху къэс ищІэн хуей лъабжьищыр – ахэр:

**1.**________________________________________________

**2.**________________________________________________

**3.**________________________________________________

2. А лъабжьищым тегъэщІапІэ хуэхъуу, цІыху къэс ящІэн хуейр тхы

Жэуапыр: цІыху къэс ахърэтым щратынущ упщІэу щы:

Хэт уэ уи Тхьэр? Сыт хуэдэ уи Диныр? Хэт уи Бегъымбарыр?

5. Муслим (34)

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Шейх Мухьэммэд Iэбд ал Вэхъаб, Алыхьым И ГущIэгъур зылъысыным, и биографиер щIэджыкIыпхъэщ. Апхуэдэуи, абы и къэралми, нэгъуэщI къэралхэми Тэухьидым зыщегъэубгъунымкIэ гуащIэ зрихьам теухуауэ гу лъытапхъэщ, икIи абы и лэжьыгъэхэр еджакIуэхэми тыншу къагурыIуэфыным тещIыхьащ. Тхыгъэ щхьэпэу къэбгъэсэбэп хъунущ Ибн Бишр и Iэдакъэ къыщIэкIа «Увану аль маджд фи тарихьи наджд» тхылъыр, апхуэдэуи Ибн Гъэннам итха «Тэрихьу нажд» тхылъыр.

2. «Асль» псалъэм къикIыр зэпкъырыхын. «Асль» - ар адрейхэм псоми лъабжьэ яхуэхъуращ.

3. ЦIыху къэс ахърэтым щратыну упщIищыр: Хэт уэ уи Тхьэр? Сыт хуэдэ уи Диныр? Хэт уи Бегъымбарыр? Абыхэм я жэуапыр пэжу езытым, Жэнэтым и жыг хадэхэр къылъысынущ. Жэуап езымытыфхэм – я псэм бэлыхьышхуэ къытехьэнущ, БэраIэ Ибн Iэзибэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, къиIуэтэжа, Абу Дэуд итхыжа хьэдисым къызэрыщыхэщым хуэдэу[6].

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм хузэфIэкIын хуейщ:

- лъабжьищыр кърипIуэфын;
- лъабжьищым тегъэщIапIэ яхуэхъур жиIэфын;
- Ислъам диным и къарум и инагъыр зэхищIэн.

6. Абу Дауд (4753)

# Дерс е-3-нэ. Япэ лъабжьэр:
## цIыхум и Тхьэр къицIыхун

Лъабжьищыр – цIыхум и Тхьэр, и диныр, и Бегъымбарыр ﷺ къицIыхуныр.

**Си Тхьэр – Алыхьыращ,**

**Ерысккъыр къыдэзыт, КъэгъэщIакIуэ, УнафэщI.**
**Щхьэщэ хуэщIыныр Зыхуэфащэр,**

**Ар – Щхьэзакъуэщ, икIи зыри гъусэ иIэкъым.**

Сэ къызощIэ си Тхьэр Абы и нэщэнэхэмкIэ, къигъэщIахэмкIэ, апхуэдэхэщ жэщыр, махуэр, дыгъэр, мазэр, уафэр, щIылъэр.

   

Алыхьым жиIащ:

**«Езым и телъыджэхэм ящыщщ махуэмрэ жэщымрэ, дыгъэмрэ мазэмрэ. Дыгъэмрэ мазэмрэ фахуэмыпщылIу, ахэр къэзыгъэщIа Алыхьым фи щхьэр хуэвгъэтIылъ. Езым феувэлIар пэжмэ»[7].**

**ТепсэлъыхьыныМ папщIэ упщIэхэр**

1. Сыт «Тхьэ» псалъэм къикIыр?
2. Дэгъэхуахэр дэтхэж.

7. КъурIэн (41:37)

Сэ си Тхьэр къызощIэ и –

______________________________________________

Жэщри махуэри къэзыгъэщIар Ар –

______________________________________________

3. Илъабжьэмкlэ къыщыхьа сурэтым Алыхьым къигъэщIахэм щыщу щы къыщыгъуэт

**1)**______________________________________

**2)**______________________________________

**3)**______________________________________



4. КъэрэндащкIэ къыхэгъэщ мы Iэятым зи гугъу ищI нэщэнэхэр:

**Уэ плъагъуркъэ Алыхьым жэщыр махуэм зэрыхигъыхьэр, махуэри жэщым зэрыхигъэхьэр; дыгъэмрэ мазэмрэ игъэIурыщIауэ, дэтхэнэми и пIалъэр къэсыхукIэ зэрызекIуэнур, икIи фэ фщIэм Алыхьыр зэрыщыгъуазэр?»**[8]

8. КъурIэн (31:29)

5. Дыгъэр, мазэр – Алыхьым къигъэщIа Iуэхугъуэшхуэхэщ, абыхэмкIэ дэ Абы хъер къыдбгъэдилъхьащ.

**А къэгъэщIыгъуитIым сэбэпу япылъыр уигу къэгъэкIыж.**

**1)**________________________________________

**2)**________________________________________

**3)**________________________________________




Сэ – сымуслъымэнщ, икIи сэ шэч къытесхьэркъым Алыхьым сыт иIысри къызэригъэщIам, икIи гъащIэ къазэрыритам. Абы И унафэм щIэтщ дунейм къыщыхъу псори, икIи Абы и Закъуэщ щхьэщэ хуэщIыныр зыхуэфащэр.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Мы дерсыр классщIыб Iэмалу екIуэкIмэ, нэхъ сэбэпщ, Алыхьым къигъэщIахэм щыщу еджакIуэр къэзыухъуреихьхэм нэхъ кууэ щIэгупсысыфын щхьэкIэ.

2. Алыхь Таалэм жиIащ: «**Уа, цIыхухэ! Фэри, фи япэкIэ псэуахэри къэзыгъэщIа Тхьэм фыхуэпщылI, тхьэшынагъэ фхэлъын папщIэ. ЩIыр псэупIэ фхуищIащ, уафэри къыщхьэщыту. Уэшх къэрегъэшхри,**

**фызэрыпсэуну шхыныгъуэхэр къегъэкI. Алыхьым зыри хуэвмыгъадэ, зэризакъуэр щыфщIэкIэ!»**[9] Ибн Къэсыр жиIащ: «А псор къэзыгъэщIам щхьэщэ хуэщIыныр хуэфащэщ».

3. Алыхьым къигъэщIахэм щIэгупсысыр, Абы щхьэщэ хуищIым зэрыхуэдэр къагурыгъэIуэн.

4. ЕджакIуэхэр Алыхь Таалэм лъэIукIэ зыхуагъэзэну къыхуеджэн, я махуэхэр щыфIым дежи (псалъэм папщIэ, щIэныгъэ сэбэп щагъуэтым деж, е хьэлэлым щыщ фIыгъуэ гуэр къащыхэхъуэм деж), я Iуэхур щымыщIагъуэми (псалъэм папщIэ, сымаджэр гъэхъужын папщIэ, е гугъуехь гуэрхэр ящхьэщихын щхьэкIэ).

5. ФIыгъуэ псоми щхьэкIэ Алыхьым фIыщIэ хуащIыну къыхуеджэн, апхуэдэхэщ дунейм тет псоми сэбэпнагъ къызэпах дыгъэмрэ мазэмрэ.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм ищIэфын хуейщ:

- лъабжьиищым япэр къриIуэн
- «Тхьэ» псалъэм къикIыр зэпкърихын
- Алыхьым къигъэщIахэм щыщзыбжанэ кърибжэкIын.

9. КъурIэн (2:21-22)

# Дерс е-4-нэ. Жынхэмрэ цIыхухэмрэ я къэгъэщIыгъуэм гупсысэ хэлъыр

Алыхьым жынхэмрэ цIыхухэмрэ къигъэщIащ, ахэр Абы хуэпщылIын щхьэкIэ. Абы тегъэщIапIэ хуохъу Алыхь Таалэм и псалъэхэр: «Сэ жынхэмрэ цIыхухэмрэ къыщIэзгъэщIар къысхуэпщылIын къудей щхьэкIэщ»[10].

**«Ал ибадэ»** (пщылIын) – абы къызэщIеубыдэ Алыхьым фIыуэ илъагъу псори, Ар арэзы зэрыхъури: псалъэхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ, нэрылъагъухэри, гъэпщкIуахэри.

ПщылIыным и щапхъэхэщ: Алыхьыр фIыуэ лъагъуныр, фIэлIыкIыныр, елъэIуныр, нэмэзыр, нэщIыр, адэ-анэм гу щабэу хущытыныр.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр**

1. Уэ Алыхьым укъигъэщIащ Iущыгъэ куу зыхэлъ Iуэхугъуэм папщIэ, а Iущыгъэмрэ, абы и тегъэщIапIэ хуэхъумрэ уигу къэгъэкIыж

2. Псалъэ дгъэхуахэр дэтхэж

✍ ПщылIыныр – абы къызэщIеубыдэ Алыхьым фIыуэ илъагъу псори, Ар арэзы зэрыхъури: … …, нэрылъагъухэри, … .

✍ ПщылIыным и щапхъэхэщ: нэмэзыр, …, …, …, …, …, … .

3. Алыхь Таалэм жиIащ: **«Хъулъхугъэми бзылъхугъэми, Iиман зиIэу фIы зыщIам, шэч хэмылъу, гъащIэ дахэкIэ дыхуэупсэнущ, икIи езыхэм ялэжьа IуэхугъуэфIхэм пэкIуэ тыгъэ дэ яхуэтщIынущ»**[11].

10. КъурIэн (51:56)
11. КъурIэн (16:97)

Дэпхуэдэ щIыкIэу цIыхум гъащIэнасыпыфIэ зэригъуэтыр?

Жэуапыр: Алыхьым хуэпщылIыныр – гур зэIухынымрэ псэм тыншыгъуэ игъуэтынымрэ я щхьэусыгъуэщ.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Алыхьым псори къызэригъэщIам, икIи абы хьэлэл ищIахэмрэ, хьэрэм ищIахэмрэ Iущыгъэшхуэ зэрыхэлъым теухуа тематикэм псалъапэ хуэщIын. Абы и щапхъэщ цIыхур ауэ сытми къызэрамыгъэщIар, ар къыщIагъэщIам мыхьэнэшхуэ иIэщ – Алыхь Таалэм, гъусэ зимыIэм хуэпщылIыныр. Алыхьым жиIащ: **«Фэ фигугъа Дэ дыджэгуу фыкъэдгъэщIауэ?»**[12]

2. ПщылIыным адрей и щапхъэ нэрылъагъухэми, IэпкълъэпкъкIэ ягъэзащIэхэми, ягугъу щIын, абыхэм хохьэ сэджытыр, хьэжыщIыр, къурмэныр, къищынэмыщIауэ, гурылъхэм хыхьэ пщылIыгъэ щэхухэми тепсэлъыхьын, абыхэм ящыщщ лъагъуныгъэр, шынагъэр, гугъэр, нэгъуэщIхэри.

3. Алыхь Таалэм хуэпщылIыным гухэр зэрызэIуихым тепсэлъыхьын, Алыхьым зэрыжиIам хуэдэу:

**«Хъулъхугъэми бзылъхугъэми, Iиман зиIэу фIы зыщIам, шэч хэмылъу, гъащIэ дахэкIэ дыхуэупсэнущ, икIи езыхэм ялэжьа IуэхугъуэфIхэм пэкIуэ тыгъэ дэ яхуэтщIынущ»**[13]

12. КъурIэн (23:115)
13. КъурIэн (16:97)

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм хуейщ:

- жынхэмрэ цIыхухэмрэ къыщIигъэщIам хэлъ гупсысэр игу къигъэкIыжын;
- «пщылIын» псалъэм къикIыр къыгурыIуэн;
- жынхэмрэ цIыхухэмрэ къыщIигъэщIам хэлъ гупсысэр игум иригъэлъын;
- пщылIыным хыхьэ лIэужьыгъуэ зыбжанэ кърибжэкIын.

# Дерс е-5-нэ. Алыхь Закъуэм хуэпщылIыным фIэкIыпIэ зэримыIэр

Алыхьым къалэн къытхуищIахэм щыщу нэхъыщхьэр – тхьэзакъуэнызгъэрщ, Алыхь закъуэм хуэпщылIынырщ.

Алыхьым псом нэхъапэу гуэныхь тхуищIар – Тхьэм гъусэ хуэщIынырщ, абы къикIыр Алыхьым нэмыщI нэгъуэщI тхьэхэми хуэпщылIынырщ.

Абы тегъэщIапIэ хуохъу Алыхь Таалэм и псалъэхэр:

**«ЖыIэ: «ИпэжыпIэкIэ, сэ унафэу къысхуащIар Алыхьым, нэгъуэщI зыри гъусэ хуэзмыщIыу, абы И Закъуэ хуэпщылIынырщ»**[14].

## Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр

1. Сыт зэреджэр Алыхьым нэмыщI нэгъуэщI тхьэхэм хуэпщылIыным?

2. Псалъэ дэгъэхуахэр дэгъэувэж.

✍ Алыхьым къалэн къытхуищIахэм щыщу нэхъыщхьэр – …

✍ Алыхьым псом нэхъапэу хьэрэм тхуищIар – … Тхьэзакъуэнызгъэр – ар къегъэлыныгъэм и лъагъуэщ мы … , къыкIэлъыкIуэну гъащIэ пэжми.

✍ Тхьэм гъусэ хуэщIыныр – мы дуней гъащIэми, … ущиIэну насыпыншагъэм и щхьэусыгъуэ инщ.

3. Алыхь Закъуэм хуэпщылIынщIыхуейм тегъэщIапIэ хуэхъур къэхь.

14. КъурIэн (13:36)

Жэуапыр: Алыхьыр гъэзакъуэныр – ар мы дуней гъащIэми къыкIэлъыкIуэну гъащIэ пэжми насыпым ухуэзышэну лъагъуэщ.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Бегъымбархэм псоми я пщэм дэлъа къалэныр зыуэ зэрыщытар къагурыгъэIуэн, ар – Тхьэзакъуэныгъэм цIыхухэр къыхуеджэн, тхьэ куэдым ухуэпщылI зэрымыхъунур къегъэщIэн – бегъымбархэм я тхыдэм щыщ пычыгъуэхэр, «Лъагэхэр» сурэм, нэгъуэщIхэми къызэрыщыхьам хуэдэу, къэгъэсэбэпын.

2. Тхьэзакъуэныгъэм и мыхьэнэр зэрыиныр яжеIэн, а зыр мы гъащIэми, къыкIэлъыкIуэнуми насыпым и лъагъуэу зэрыщытынур къагурыгъэIуэн .

3. ТхьэнэпцIхэм хуэпщлIынымшынагъуэ зэрыпылъым тепсэлъыхьын, ар мы дуней гъащIэм и насыпыншагъэмрэ, къыкIэлъыкIуэнум тезыр хьэлъэ къыпэкIуэнумрэ я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр яжеIэн. Абы къыхэкIыу, Ибрэхьим, сэламыр зылъысыныр, и Тхьэм елъэIуащ: **«сэри си бынхэри тхьэнэпцIхэм дапэщIэх, дахуэмыпщылIын щхьэкIэ»**[15].

4. Насыпыншагъэмрэ тхьэмыщкIагъэмрэ зыщахъумэн папщIэ, Алыхьым хуэмыгъэза къурмэныр, тхьэрыIуэр, нэтемыгъахуэхэмрэ къэзыхъумэ дыуэхэмрэ, нэгъуэщIхэмрэ зехьэныр тхьэнэпцIагъэм и лIэужьыгъуэхэу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн.

15. КъурIэн (14:36)

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- Тхьэзакъуэныгъэми лъапIагъыр нэсу къыгурыIуэн;
- Тхьэзакъуэныгъэр зыгъэкIуэд тхьэнэпцIхэм зыщыхъумэн;
- Алыхьым И Закъуэ хуэпщылIыным теухуа къалэным тегъэщIапIэ хуэхъур къэщIэжын.

# Дерс е-6-нэ. Алыхьым нэмыщІ, нэгъуэщІхэми хуэпщылІыныр тхьэнэпцІагъэщ

Алыхьым нэмыщІ, нэгъуэщІ тхьэхэр зи фІэщ хъухэр тхьэнэпцІхэм я пщылІщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, Алыхьым нэмыщІ нэгъуэщІхэм лъэІукІэ захуэзыгъазэхэр, е къурмэн къахуэзыхьхэр. Алыхь Таалэм жиІащ: **Алыхьым фыхуэпщылІ, икІи Абы зыри гъусэ хуэвмыщІ**[16].

### Тепсэлъыхьыным папщІэ упщІэхэр

1. Алыхьым нэмыщІ, нэгъущІ тхьэхэр зи фІэщ хъухэр тхьэнэпцІхэм я пщылІщ

**А.** Абы тегъэщІапІэ хуэхъур уигу къэгъэкІыж;

**Б.** Абы щапхъэ хуэхъур уигу къэгъэкІыж.

2. Псалъэ дэгъэхуахэр дэгъэувэж

ТхьэнэпцІхэм я пщылІым и тезырыр – кІэ имыІэу … исынырщ.

ТхьэнэпцІыгъэм и лІэужьыгъуэхэм щыщу лъэІур, е …, Алыхьым нэмыщІ, нэгъуэщІ гуэрым хуигъэзамэ, ар тхьэнэпцІхэм я пщылІщ

3. Сыт шейтІаныр щІыхущІэкъур цІыхухэр тхьэнэпцІхэм дригъэхьэхыну?

Жэуапыр: ТхьэнэпцІыгъэр мы дуней гъащІэми къыкІэлъыкІуэнуми ущиІэну насыпыншагъэм и щхьэусыгъуэщ.

16. КъурІэн (4:36)

**ЕгъэджакІуэм папщІэ**

1. ЦІыхум пщылІыным и лІэужьыгъуэхэмкІэ, Алыхьым нэмыщІ, нэгъуэщІ гуэрым зыхуигъэзамэ, псалъэм папщІэ, лъэІукІэ, къурмэнкІэ, сэджыткІэ, е нэгъуэщІхэмкІэ, ар занщІэу тхьэнэпцІхэм я пщылІ икІи джаур зэрыхъур къагурыгъэІуэн хуейщ, уеблэмэ, нэмэз ищІыу, нэщІ иІыгъыу, хэжыщІ, умрэ кІуэуэ, муслъымэну зибжыжу щытми.

2. Бегъымбарым ﷺ и зэманым щыІа, япэ дыдэ лІакъуэм хиубыда муслъымэнхэми пщылІыным и лІэужьыгъуэ зыбжанэхэр ягъэзащІэу щытами, абыхэм тхьэнэпцІхэм щхьэщэ зэрыхуащІым щхьэкІэ, зыри фІы къазэрыхудэмыкІуар къагурыгъэІуэн.

3. ТхьэнэпцІхэм хуэпщылІхэм тезыр папщІэу Жыхьэнмэм игъащІэкІэ зэрыщыІэнур къагурыгъэІуэн. Абы теухуауэ Алыхьым жиІащ: **«ИпэжыпІэкІэ, Алыхьым Іыхьэгъу хуэзыщІхэм я жэнэтыбжэр Алыхьым зэхуищІащ. Абыхэм я хэщІапІэр мафІэращ, залымхэм дэІэпыкъуэгъу яІэнукъым»**[17].

4. ШейтІаныр цІыхум зэрибийр къагурыгъэІуэн, апхуэдэуи цІыхур тхьэнэпцІхэм дригъэхьэхыну, игъэгъуэщэну зэрыхущІэкъур, ар абы и гъусэу Жыхьэнмэм игъэкІуэн щхьэкІэ.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакІуэм и къалэнщ:

- тхьэнэпцІагъэм зыщыхъумэн;
- тхьэнэпцІагъэм и лІэужьыгъуэ зыбжанэ зэгъэщІэн;

17. КъурІэн (5:72)

- Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIхэм хуэпщылIым и дин Iуэхур зытетыр зыгурыгъэIуэн;
- Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIым хуэпщылIыныр зэрытхьэнэпцIагъэм тегъэщIапIэ хуэхъур гум игъэлъын.

# «Ал-Фикъхь»[18]

## Дерс е-1-нэ. Япэ классым хэта темэхэр къэпщытэжын

**УпщIэхэр:**

1. Сытуэ пщIэн хуейуэ къэплъытэр, нэмэзым щIомыдзэ щIыкIэ?
2. Сыт уэ жыпIэн хуейр андезыр къэпщтэным ипэ?
3. Андезыр зкъутэхэр уигу къэгъэкIыж.
4. Нэмэзым и япэ тэкбирым зэреджэр сыт?
5. Дэпщэщ япэ тэшэхьудым укъыщеджэн хуейр?
6. Фразэр и кIэм нэгъэсыж:

✍ ***Аллахьуммэ салли 'аля Мухьэммэд уэ 'аля али Мухьэммэд_...***

7. Нэмэзыр зыкъутэ Iуэхугъуэхэр тхы

1. ✍ Андезыр екъутэ щахэм къыдэхыж псоми

2. ________________________________

3. ________________________________

4. ________________________________

5. ________________________________

6. ________________________________

---

18. Фикъхь - IэпкълъэпкъкIэ къыптехуэу бгъэзэщIэн хуейр зыдж щIэныгъэ.

8. Нэмэзхэм я цIэ къэс кIэщIэтхэ щхьэж рэкат дапщэ хъуми

| ал-фаджр | аз-зухр | ал-Iэср | ал-магърибл | ал-Iиша |
|---|---|---|---|---|
| ◯ | ◯ | ◯ | ◯ | ◯ |

# Дерс е-2-нэ. Псымрэ мывэхэмрэ къызэрагъэсэбэпыр

ЩIыб икIынымрэ гъутхьэпс къыбдэхыжынымрэ фIей уащI, аращи, цIыхум и псыунэ Iуэхухэр зэфIигъэкIа нэужь, зигъэкъэбзэжын хуейщ.

**«Ал-Iыстынджэ»** (псыкIэ зыгъэкъэбзэн) – ар цIыхум псыкIэ зыщигъэкъабзэращ, е псыунэ нэужьым щахэ къыдэхыжыпIэхэр псыкIэ щитхьэщIыжыращ. А псыр къабзэу щытын хуейщ, фIеягъэ псори кIэригъэкIын щхьэкIэ.

**«Ал-Iыстыджмар»** - мывэ цIыкIухэмкIэ зыгъэкъэбзэжын. Ар щахэ къыдэхыжыпIэхэр мывэ цIыкIуэмкIэ, е тхылъымпIэкIэ щалъэщIыжыращ, фIеягъэхэр кIэрыкIыжыху.

### Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр

1. Сыт уэ Iэмал имыIэу пщIэн хуейр, уи псыунэ Iуэхухэр зэфIэкIа нэужь?

2. Псалъэухахэр нэгъэсыж:

✍ **А.** «Ал-Iыстынджэ» – ар …

✍ **Б.** «Ал-Iыстыджмар» – ар …

3. Жэуап пэжыр къыхэх

- Iистиджмарым папщIэкъагъэсэбэп: мывэ цIыкIухэр, псы, тхылъымпIэ.

- ФIеягъэхэм щыщу къалъытэ: гъутхьэпс, пщIантIэпс, Iупс.

- Уи щыгъыным инафIеягъэхэрягъэкъэбзэж мывэкIэ, псыкIэ, пшахъуэкIэ.

4. Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж

Сэсищахэ къыдэхыжыпIэхэмфIеягъэхэр кIэрызогъэкIыж псы, е …, е … къэзгъэсэбэпурэ.

5. Мы псалъэухахэр зыбжанэрэ къитхыкI

1. Псыунэм сыкIуа нэужь, сэ си щахэ къыдэхыжыпIэхэр согъэкъэбзэжри, итIанэ андез къызощтэ.

2. Сэ, псыунэм сыкъытекIыжа нэужь, си IитIри фIыуэ сотхьэщIыж.

3. Сэ псыунэм сыщыIэу сыпсалъэркъым.

**Мы зикъыритIыр сыт щыгъуи къэбж:**

1. Сэ, псыунэм сыщыщIыхьэкIэ, жызоIэ:

**«БисмиЛляхь Аллахьуммэ инни аузу би-кя минал–хъуубси уа-л–хъэбаIис»[19] .**

Псыунэм сыкъыщыщIэкIыжкIэ, сэ жызоIэ:

**«Гъуфранэк»[20].**

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. ЩIыхур псыунэм кIуа нэужь зызэригъэкъэбзэжын хуейр къагурыгъэIуэн.

2. Ал-Iыстыджмар Iэмалыр, мывэ цIыкIухэмкIэ е тхылъымпIэкIэ зыгъэкъэбзэжыныр, къыщыбгъэсэбэп хъуну щытыкIэхэм тепсэлъыхьын.

19. Бухъэри (143)
20. Тирмизи (7)

3. Іистинджэмрэ Іистиджмарымрэ щагъэзащІэкІэ Іэ сэмэгур къызэрыгъэсэбэпын хуейм, апхуэдэуи, загъэкъэбзэжа нэужь, я Іэхэр фІыуэ зэратхьэщІыжын хуейм гу лъегъэтэн.

4. Ал-Іыстыджмарыр ящІ щыхъунум теухуа щапхъэ зыбжанэ къахуэхьын.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакІуэм и къалэнщ:

- псыунэм кІуа нэужь, Іэмал имыІэу илэжьын хуейхэр зригъэщІэну;
- ал-Іыстынджэмрэ ал-Іыстыджмарымрэ зищІысыр къыгурыІуэну;
- ал-Іыстыджмар зэрыпщІхъунухьэпшып зыбжанэхэр кърибжэкІыфыну.

# Дерс е-3-нэ. Андез цIыкIум теухуа хабзэхэр

Мухьэммэд и къуэш нэхъыщIэ цIыкIу Iэбдулла, андез цIыкIур къызэращтэм хуригъэсэн мурад иIэу, жриIащ:

«НакIуэ, андез цIыкIур къэтщтэнщ, уэ Iэбдулла». Абы Iэбдулла жэуап иритащ: «Дэ андез цIыкIу къэтщтэну ара?». ИтIан. Мухьэммэд абы жриIащ: «Дэ андез къызэрытщтэнум теухуауэ дигукIэ нет тщIа нэужь, мы Iуэхугъуэхэр долэжь:

1. Дэ жыдоIэ: «БысмиЛляхь»;

2. Дэ ди Iэ бэлагъхэр дотхьэщI (щэнейрэ);

3. Дэ псы жьыдогъэжыхь, ди пэми идогъэжыхь (щэнейрэ);

4. Дэ ди нэкIухэр дотхьэщI (щэнейрэ);

5. Дэ ди Iэ ижьыр дотхьэщI ди Iэпхъуамбапэхэм щыщIэдзауэ IэфракIэм нэс (щэнейрэ), итIанэ, апхуэдэ дыдэуи Iэ сэмэгур дотхьэщI.

6. Дэ ди щхьэмрэ тхьэкIумэхэмрэ Iэ псыфкIэ зэ дытолъэщIыхь;

7. Дэ ди лъакъуэ ижьыр лъэкIэным нэс дотхьэщI (щэнейрэ), итIанэ лъакъуэ сэмэгур апхуэдэ дыдэу дотхьэщI».

Iэбдулла жиIащ: «Сэ си Iэхэр сымытхьэщI щIыкIэ, си лъакъуэхэр стхьэщI хъуну?» Мухьэммэд абы жриIащ:

«Хьэуэ, апхуэдэу пщIэ хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ андез къызэрысщтэр зэрозгъэлъэгъуам хуэдэу зэкIэлъыкIуэн хуейщ». ИтIанэ Iэбдулла абы еупщIащ:

«Сэ си напэр, си Iэхэр стхьэщIрэ, итIанэ телефоным къэзыщIым жэуап естыну сыкIуэрэ, тIэкIу зызгъэгувэмэ,

къэзгъэзэжа нэужь, си щхьэмрэ си тхьэкIумэхэмрэ сытелъэщIыхьыжмэ, сэ си андезыр пэж хъуну?» Мухьэммэд абы жэуап иритащ: «Хьэуэ, апхуэдэу андез цIыкIур къапщтэ хъунукъым, Iуэхугъуэ псори Iэмал имыIэу зыр зым кIэлъыкIуэн хуейщ».

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр**

1. Сыт хуэдэ щIыкIэу нет зэрыщIын хуейр?

2. Псалъэухахэм къыпыщэ:

Сэ си Iэ бэлагъхэр сотхьэщI, итIанэ сэ …

Сэ си лъакъуэ ижьыр сотхьэщI … нэс, итIанэ …

3. Япэ сатыр ехым ит псалъэхэр етIуанэм ит псалъэхэм пэжу хуэгъэкIуэж.

| |
|---|
| **Си щхьэм** |
| **Си нэкIур** |
| **Си лъакъуэхэр** |

| |
|---|
| **сотхьэщI** |
| **сотхьэщI** |
| **сытолъэщIыхь** |

4. Андез цIыкIур къыщыпщтэкIэ иужьырей дыдэу щIэн хуейр къыхэгъэщ.

- Си Iэхэр сотхьэщI
- Си лъакъуэхэр сотхьэщI
- Си щхьэм сытолъэщIыхь
- Си нэкIур сотхьэщI

5. Андез цIыкIур къыщыпщтэкIэ, уи Iэпкълъэпкъхэр зэрытхьэщIын хуей чэзур пэжу гъэувыж.

- IитIыр
- ЛъакъуитIыр
- Щхьэр
- НэкIур
- Iэ бэлагъитIыр

6. Дамыгъэ пэжымрэ (✅) дамыгъэ пцIымрэ (❎) зыхуэфащэхэм деж хэгъэувэж.

- Сэ си лъакъуэ ижьыр си Iэ ижьым япэ къихуэу сотхьэщI
- Сэ си щхьэм сытолъэщIыхь, си лъакъуэр стхьэщIа нэужь.
- Сэ си напэр сотхьэщI, итIанэ си Iэхэр.

7. Мы псалъэухахэр къитхыкI

✍ Сэ андез цIыкIур къыщысщтэкIэ, псы лъэмыIэсу си Iэпкълъэпкъ Iыхьэ зыри къэзгъанэкъым.

✍ Сэ андез цIыкIур къыщыстщтэкIэ, зызмыIэжьэу, Iэпкълъэпкъ псори сотхьэщI.

✍ Зы Iэпкълъэпкъ Iыхьэр адрейм зэрыкIэлъыкIуэн хуей хабзэм сытету, сотхьэщI.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Зызыгъэкъабзэхэр Алыхьым фIыуэ зэрилъагъур къагурыгъэIуэн.
2. Псыр пщIэншэу бгъэкIуэд зэрымыхъунур къагурыгъэIуэн, псыр – Алыхьым и фIыщIэщ, абы хуэсакъын хуейщ.

3. Щхьэмрэ тхьэкIумэхэмрэ телъэщIыхьыным къищынэмыщIауэ, мыдрейхэр псори щэнейрэ тхьэщIыныр суннэу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн.

4. «Ал мэдмэдэ», «ал-Iынстынщакъ», «ал-Iыстынсар» псалъэхэм я мыхьэнэхэр къагурыгъэIуэн, нэгъуэщIыу жыпIэмэ, псы жьдэгъэжыхьын, пэм игъэжыхьын, пэм псыр илъэфэн, къилъэфыжын. Ал-мэдмэдэ – жьэм псы жьдэгъэжыхьын. Ал-Iынстынщакъ – пэм жьы ипшэу псыр дэлъэфеин. Ал-Iыстынсар – пэм псыр иплъэфа нэужь, къилъэфыжын.

5. Андез цIыкIур къащтэну еджакIуэ къэс я пщэ дэлъхьэн, абыхэм щыуагъэншэу зызэратхьэщIыр зэгъэщIэн папщIэ, икIи егъэджакIуэм цIыхухэр андез къащтэу зэригъасэм щхьэкIэ, Алыхьым и фIыщIэшхуэ къылъысын папщIэ. ЩIэныгъэ гуэрым цIыхур хуезыгъэджам-тIэ, абы иригъэджам а щIэныгъэмкIэ къихь фIыщIэм щыщ егъэджакIуэми къылъосыр.

### Дерсым и къалэнхэр:

ЕджакIуэм хуейщ:

- нет ищIын щыхуейр къыгурыIуэн;
- андез цIыкIур къищтэфын;
- IэфракIэмрэ Iэ бэлагъымрэ зэхигъэкIыфын.

# Дерс е-4-нэ. Андез цIыкIур зыкъутэ Iуэхугъуэхэр

**Андез цIыкIур мы Iуэхугъуэхэм якъутэ:**

1. КъыдэхыжыпIитIымкIи къакIуэ псоми (щахэпс, жьыхухэр, фIеигъэхэр)

2. Жейм

3. Махъшэл шхыным

Уи андез цIыкIур мыбыхэм я зэхэзымкIэ къута хъуамэ, уэ Iэмал имыIэу ар щIэрыщIэу къэпщтэжын хуейщ.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр**

1. Андез цIыкIур зыкъутэ Iуэхугъуэхэр щIэтхъэ Дыхьэшхын / жейн / псалъэн / къыдэхыжыпIитIым

къакIуэ псори / махъшэл шхын.

2. Зейд андез цIыкIур къиищтэри, итIанэ мэлыл ишхащ, къутэжрэ абы и андезыр? ИкIи сыт щхьэкIэ?

3. Уэ нэмэзым утеува нэужь, уи андезыр къутащ, сыт уэ пщIэн хуейр?

Жэуапхэм щыщу пэжу къэплъытэр къыхэх

- Уэ щIэрыщIэу нэмэзым щIэбдзэжын, андезри къэпщтэжын хуейщ
- Уэ щIэрыщIэу андезыр къэпщтэжын хуейщ

4. Уэ лы пшхащ, ауэ пщIакъым ар махъшэлу зэрыщытар, къыщыпщIар нэмэзыр быуха нэужьщ, сыт уэ пщIэн хуейр?

5. Мы псалъэухар щэ къитхыкI

✍ Сэ андез цIыкIур къызощтэ, ар зыкъутэ Iуэхугъуэ гуэр къэхъуа нэужь.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. АндезцIыкIурзыкъутэ Iуэхугъуэхэмтепсэлъыхьын.

2. Махъшэл зышхыу, ар зэришхар нэмэзыр иуха нэужь къэзыщIам теухуа хабзэр къагурыгъэIуэн. Абы и нэмэзыр ипшыныжын хуейщ.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- андез цIыкIур зыкъутэ Iуэхугъуэхэр игу иригъэлъын;
- и андезыр къута хъуа нэужь, абы ищIэн хуейхэр къыгурыIуэн.

# Дерс е-5-нэ. Нэмэзым ипэ къихуэ лъаIуэныгъэ. «Ал-Iыстыфтахь» духьэр

Нэмэзым хиубыдэ лъаIуэныгъэхэм ящыщ зыщ – «Ал-Iыстыфтахь» зи фIэщыгъэр:

*/Субхьана-кя, Аллахьуммэ, уа бихьэмди-к, уа табаракя-сму-к уа та'аля джэдду-к уа ля иляхьэ гъэйру-к/*

Мы лъаIуэныгъэр цIыхум къыбжьын хуейщ япэ тэкбирым, иужькIэ «Тэкбиратул-Iихьрам».

### Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр

1. Мы псалъэухам псалъэхэр пэжу дэгъэувэж: гъэйрук, Iисмук, джэддук, уа бихьэмдик

Субхьана-кя, Аллахьуммэ, …, уа табаракя-сму-к уа та'аля … уа ля иляхьэ …

2. «Ал-Iыстыфтахь» лъаIуэныгъэр къыщцыбжьын хуейр жыIэ.

3. Жэуап пэжыр цIалэж.

«Ал-Iыстыфтахь» лъаIуэныгъэр сэ къызобж

- Фатихьэ сыкъеджа нэужь
- Тэкбиратул-Iихьрам иужькIэ

4. Псалъэ пэжхэр къыхэхи, здэдщытын хуейм деж гъэувыж: ещанэу, еплIанэу, япэу

Япэ тэкбирыр – ар нэмэзым … щыжаIэ тэкбирыращ.

5. «Ал-Iыстыфтахь» лъаIуэныгъэр тхы.

6. Дамыгъэ пэжымрэ (◎) дамыгъэ пцIымрэ (◎) мы фIэщхъуныгъэхэм тегъэувэ

- Сэ«ал-Iыстыфтахь» лъаIуэныгъэмрэкаткъэс сыкъоджэ

- «Ал-Iыстыфтахь» лъаIуэныгъэм къыщеджэн хуейр япэ рэкат закъуэращ

7. Мы псалъэухар щэ къитхыкI

Сэ «Ал-Iыстыфтахь» лъаIуэныгъэм япэ тэкбирым иужькIэ сыкъоджэ.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. «Ал-Iыстыфтахь» лъаIуэныгъэм къыщеджэн хуейр къагурыгъэIуэн. Абы къыщеджэр нэмэзым и япэ рэкат закъуэращ.

2. Ал-Iыстыфтахь духьэм и мыхьэнэр къагурыгъэIуэн, ар мыращ:

**/Субхьана-кя, Аллахьуммэ, уа бихьэмди-к/** - «сэ къыпкIэрызох, уа Алыхь, Уэ пхуэмыфащэ псори».

**/Уа бихьэмди-к/ -** «икIи сыпщотхъур».

**/Уа табаракя-сму-к/** - «Уэ Уи цIэкъудейр фIыгъуэшхуэщ».

**/Уа та'аля джэдду-к/** - «Уэ Уи ЩIыхьыр лъагъэщ».

**/Уа ля иляхьэ гъэйру-к/** - «ЩыIэкъым, Уэр нэмыщI, тхьэ, дыхуэпщылIыныр зыхуэфащэ».

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакІуэм и къалэнщ:

- «Ал-Іыстыфтахь» лъаІуэныгъэр ищІэнщ
- а лъаІуэныгъэм и чэзум деж къыщеджэну.

# «Ат-Тэухьид»[21]

(ЕтIуанэ илъэс ныкъуэр)

## Дерс е-1-нэ. БлэкIа темэхэр къэпщытэжын

**УпщIэхэр:**

1. ЦIыху къэс Iэмал имыIэу ищIэн хуей лъабжьищыр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу тхы.

2. Алыхьым и нэщэнэхэмрэ и къэгъэщIыгъэхэмрэ щыщу мы Iэятым къыхэбгъуатэхэр жыIэ: **«Уафэхэмрэ щIылъэмрэ къызэригъэщIар, жэщымрэ махуэмрэ зэрызэкIэлъыкIуэр нэщэнэхэщ акъылыфIэхэм дежкIэ»** [22]

3. Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж

✎ Жынхэмрэ цIыхухэмрэ Алыхьым къыщIигъэщIам и гупсысэ куур …

✎ Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщI гуэрым хуэпщылIар ар …

✎ Алыхьым нэхъыщхьэ дыдэу къалэн тхуищIар – ар …

✎ Алыхьым нэхъыбэ дыдэу хьэрэм тхуищIар – ар …

21. Фикъхь - IэпкълъэпкъкIэ къыптехуэу бгъэзэщIэн хуейр зыдж щIэныгъэ.

22. КъурIэн (3:190)

# Дерс е-2-нэ. ЕтӀуанэ лъабжьэр: цӀыхум и диныр, ар лъэхъэнищ зэрыхъур къызэрищӀэр.

## Япэ лъэхъэнэр - Ислъам

Лъабжьищыр – ахэр цӀыхум и Тхьэр, и диныр, и Бегъымбарыр ﷺ ицӀыхунырщ.

Диным игугъу пщӀымэ, абы лъэхъэнищ иӀэщ:

1. Ал-Ислъам
2. Ал-Иман
3. Ал-Ихьсан

## Япэ лъэхъэнэ – Ислъам

Ислъамыр – ар Алыхьым И тхьэзакъуэныгъэрщ, Абы хуэпщылӀынырщ, хьэрэмагъэм зыщыхъумэнырщ, апхуэдэуи, Ислъамым нэмыщӀ, адрей динхэм пэӀэщӀэ зыщӀынырщ.

Сэ сы муслъымэнщ, си диныр фӀыуэ солъагъу икӀи срогушхуэ.

## Тепсэлъыхьыным папщӀэ упщӀэхэр

1. Сатыр ехитӀыр къызэрезэгъым хуэдэу зэпыщӀэ

| |
|---|
| **ал-Ихьсан** |
| **ал-Иман** |
| **ал-Ислъам** |

| |
|---|
| **е-2-нэ лъэхъэнэ** |
| **е-1-нэ лъэхъэнэ** |
| **е-3-нэ лъэхъэнэ** |

2. Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж

Ислъамыр – ар Алыхьым И тхьэзакъуэныгъэрщ, … ,

… зыщыхъумэнырщ, апхуэдэуи, … пэIэщIэ зыщIынырщ.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Iэмал имыIэу, диным хуэгъэза лъагъуныгъэрэ гушхуэныгъэрэ еджакIуэхэм я гум илъхьэн хуейщ.

2. Ислъамым насыпымрэ гупсэхуныгъэмрэ укъызэрыхуишэр, уи гур зэрызэIуихыр, апхуэдэуи, тхьэм гъусэ хуэщIынымрэ фIэщхъуныгъэ нэпцIхэмрэ уи гур зэракъузыр къагурыгъэIуэн, абы теухуауэ жиIащ Алыхь Таалэм: **«Сэ къызбгъэдэкIыу гъуазэ къыщыфхуэкIуэкIэ, абы иригъуазэр гъуэщэнкъым, насыпынши хъункъым! Ар зымыдэм и гъащIэр дэгъэзеигъуэу ихьынущ»[23].**

3. Ислъамыр къэзыщтэхэу зи гупсэхугъуэмрэ насыпымрэ зыгъуэтахэм я хъыбар зыбжанэ щапхъэу къахуэхьын.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- диным и лъэхъэнэхэр кърибжэкIыфын;
- «Ислъам» псалъэм къикIыр къиIуэтэфын;
- и Ислъам диным иригушхуэн.

23. КъурIэн (20:123-124)

# Дерс е-3-нэ. Ислъамым и тегъэщIапIэхэр

**Ислъамым тегъэщIапIэу 5 иIэщ:**

1. Алыхьым нэмыщI, тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд ﷺ Абы зэрилIыкIуэм щыхьэт техъуэныр.
2. Нэмэз щIыныр.
3. Сэджыт тын.
4. Рэмэдан мазэм нэщIын.
5. Алыхьым И Унэм деж хьэжыщI кIуэн, апхуэдэ зэфIэкI зиIэхэм папщIэ.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр**

1. Дапщэ Ислъамым тегъэщIапIэу иIэр?

2. Ислъамым и тегъэщIапIэхэр щIэтхъэ.

Рэмэдан мазэм нэщIын / адэ-анэхэм пщIэ хуэщIын / ХьэжыщI Унэм деж кIуэн / КъурIэн лъапIэм еджэн / нэмэз щIын / щыхьэт техъуэн / сэджыт тын

3. Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж.

Къемэт махуэм цIыхум псом нэхъапэу жэуап зэрихьыну Iуэхугъуэр – ар …

**Ислъамым и тегъэщIапIитхур, зыр зым кIэлъыкIуэхэр, цIыхум игъэзэщIэн хуейщ насып игъуэтын, Жэнэтыр къилэжьын папщIэ.**

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Щапхъэ къэпхьыурэ, «тегъэщIапIэ» псалъэм и мыхьэнэр къагурыгъэIуэн. Псалъэм папщIэ, пкъор – ар унэр зыIыгъыращ. Апхуэдэуи Ислъамыр пкъоитхум яIыгъщ.

2. **«Ислъамыр тегъэщIапIитхум къыкIэщIаIыгъэ»**[24]**,**

**-** Алыхьым и ЛIыкIуэм ﷺ зэрыжиIар щыхьэт техъуэу, а тегъэщIапIэхэр Алыхьым ди пщэ къыдилъхьа къалэну зэрыщытым тепсэлъыхьын.

3. Нэмэзыр и зэманым щIыным къыхуеджэн, Къемэт махуэм-тIэ аращ япэ дыдэу цIыхум жэуап зэрихьынур, Алыхьым и Бегъымбарым ﷺ зэрыжиIам хуэдэу:

**«Къемэт махуэр къэсмэ, япэ дыдэу цIыхум жэуап зэрихьынур – ар и нэмэзыращ. Ар пэжу щытамэ, абы и Iуэхур ефIэкIуэнущ, ауэ пцIыуэ щытамэ – хьэзаб къытехьэнущ»**[25]**.**

4. Нэмэзыр зымыщIхэм къапэщылъыр яжеIэн, апхуэдэуи, нэмэзыр къэзыгъэнахэм фIэщмыхъуныгъэ къызэрагъэлъагъуэр къагурыгъэIуэн. Бегъымбарым ﷺ жиIащ: **«Абыхэмрэ дэрэ дызэпызыщIэр – нэмэзыращ. Ар зымыщIым фIэщмыхъуныгъэ елэжь».**[26]

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- Ислъамым и тегъэщIапIитхур кърибжэкIыфын;
- ТегъэщIапIитхур зэригъэзэщIэнум теухуа мурадым и щхьэусыгъуэхэр жиIэфын;

24. Муслим (16)
25. Тирмизи (413)
26. Тирмизи (2621)

- нэмэзым и мыхьэнэ лъапIэмрэ, ар и зэманым зэрыщIын хуеймрэ къыгурыIуэн.

# Дерс е-4-нэ. Щыхьэт жыIэгъуитIым я мыхьэнэр

**«Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым»**

- щыхьэт псалъэм и мыхьэнэр – Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIым хуэпщылIыну зыми хуитыныгъэ яIэкъым.

**«Мухьэммэд – Алыхьым и ЛIыкIуэщ»** - щыхьэт псалъэм и мыхьэнэр – абы унафэ ищIам щIэтынырщ, абы къихьар уи фIэщ щIынырщ; хьэрэм ищIам зыщыхъумэнырщ; абы зэригъэувам хуэдэу Алыхьым хуэпщылIынырщ.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр**

1. Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж.

**А.** Сэ – сымуслъымэнщ, щыхьэт сытохъуэ … щыIэкъым икIи сыщыхьэтщ Мухьэммэд …

**Б.** «Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым» - щыхьэт псалъэм и мыхьэнэр – ар …

**В.** Зикр нэхъыфI дыдэр – ар …

2. «Мухьэммэд – Алыхьым и ЛIыкIуэщ» щыхьэт псалъэм сыт и мыхьэнэр?

3. Бегъымбарым ﷺ къалэн къытхуищIа Iуэхугъуищ тхы:

1) нэмэз щIын;
2) ________________________________________
3) ________________________________________

**Щыхьэт зэрытехъуэ псалъитIым я фIыгъэкIэ цIыхум Ислъам диныр къещтэ.**

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Щыхьэт псалъэхэм я лъапIагъыр къагурыгъэIуэн, абыхэм я фIыгъэкIэщ-тIэ цIыхум Ислъам диныр къызэрищтэр.

2. Щхьэщэ зыхуащI тхьэнэпцI зыбжанэхэри зэрыщыIэм тепсэлъыхьын, икIи абыхэм хуэпщылIыныр зэрыщыуагъэр къагурыгъэIуэн. Абыхэм лъэIукIэ зыхуэгъэзэныр, къурмэн къахуэхьыныр – ар бегъымбархэм е цIыху пэжхэм я кхъащхьэу щытми – ахэр псори тхьэнэпцIагъэщ, икIи ахэр ядэкъым Алыхьми Абы и лIыкIуэми.

3. Щыхьэт псалъэхэм къикIыр имыщIэу цIыхум жиIэмэ, е а псалъэхэм къабгъэдэкIыу зыри имылэжьмэ, апхуэдэуи, хьэрэм Iуэхугъуэхэм пэIэщIэ захуимыщIмэ, абы зыри сэбэп къызэрыхуимыкIынур къагурыгъэIуэн.

4. «Ля Иляхьа Илля Ллах» зикрыр нэхъыфI дыдэу зэрыщытыр яжеIэн, икIи мы гъащIэм иужьырей псалъэхэу «Ля Иляхьа Илля Ллах» къэзыбжа цIыхур, Жэнэтым зэрыкIуэр къагурыгъэIуэн.

5. «Мухьэммэд – Алыхьым и ЛIыкIуэщ» щыхьэт псалъэм и мыхьэнэр къагурыгъэIуэн.

**А.** Ар абы и унафэр гъэзэщIэн, Ислъамым и тегъэщIапIэхэр лъытэн, нэмэзым хуэдэхэр, нэгъуэщIхэри.

**Б.** Абы жиIахэр уи фIэщ щIын, псалъэм папщIэ, Къемэт махуэм, Жэнэтым, Жыхьэнмэм теухуауэ къиIуэтахэр, нэгъуэщIхэри.

**В.** Абы гуэныхь зыпылъу жыхуи Iахэм пэIэщIэ зыщIын, ахэр гуэныхьышхуи гуэныхь цIык1уи ирехъу. Гуэныхь нэхъ ин дыдэу щытыр Тхьэм гъусэ хуэщIынырщ.

**Г.** Алыхьым игъэува хабзэм тету хуэпщылIын, икIи щIэуэ хагъыхьэхэм пэIэщIэ зыщIын. Псалъэм папщIэ, щIэуэ къыхагъэхьахэм ящыщщ «маулид» - Бегъымбарыр ﷺ къыщалъхуа махуэр.

6. Щыхъумэныгъэм хеубыдэ хуэмыдэныгъэри, абы къыхэкIыу, гу лъытэ зыхуэмыщIыпхъэхэми зыщахъумэр.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- «*Ля Иляхьа Илля Ллах*», «Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщI тхьэ щыIэкъым» псалъэхэм я мыхьэнэр зэхищIыкIын;
- «Мухьэммэд – Алыхьым и *Л*IыкIуэщ» щыхьэт псалъэм и мыхьэнэр къыгурыIуэн;
- Алыхьым и *Л*IыкIуэм ﷺ *л*ъагъуныгъэ хуищIар зэхищIэн;
- Бегъымбарым ﷺ унафэ ищIахэм тетын.

# Дерс е-5-нэ. ЕтIуанэ лъэхъэнэ – «ал-Иман» (ФIэщхъуныгъэ)

**Иманым щIэгъэкъуапIэу 6 иIэщ:**

1. Алыхьыр уи фIэщ щIыныр.
2. Абы И МэлыIычхэр.
3. Абы И Тхыгъэр.
4. Абы И лIыкIуэхэр.
5. Къемэт махуэр.
6. ФIыгъуэмрэ бэлыхьымрэ зэраубзыхуар.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр**

1. ЩIэгъэкъуапIэ дапщэ иIэ Иманым?
2. ЩIэгъэкъуапIэ къэс и номерыр тхы.

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Къемэт махуэр уи фIэщ щIын | | Алыхьыр уи фIэщ щIын |
| | МэлыIычхэр уи фIэщ щIын | | ФIыгъуэмрэ бэлыхьымрэ уи фIэщ щIын |
| | Тхыгъэр уи фIэщ щIын | | ЛIыкIуэхэр уи фIэщ щIын |

3. Алыхьым жиIащ: **«Фэ дину къыфхуэдгъэуващ Нухь зэрыдущияри, Дэ уэ ныпхуедгъэхари, Iибрэхьими, Муси, ГIиси зэрыдущияри»**[27], апхуэдэуи Абы жиIащ: «**Мухьэммэд – Алыхьым и лIыкIуэщ»**[28].

27. КъурIэн (42:13)
28. КъурIэн (48:29)

✍ Мы аятитIым зи гугъу щащI Бегъымбархэм я цIэхэр къыхэгъэщ.

**1.**__________________________________________

**2.**__________________________________________

**3.**__________________________________________

**4.**__________________________________________

**5.**__________________________________________

✔ **ТегъэщIапIихыр уи фIэщ хъуным насыпым укъыхуишэнущ мы дуней гъащIэми, къыкIэлъыкIуэнуми.**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. «Иман» псалъэм и мыхьэнэр къагурыгъэIуэн. Иманыр – ар фIэщхъуныгъэр уи гумкIэ зэхэщIэнырщ, псалъэкIэ уи бзэгум телъынырщ, IуэхугъуэхэмкIэ уи пкъым гъэлъэгъуэнырщ.

2. ДжэбрэIил и хьэдис цIэрыIуэм и купщIэ хэлъыр къэIуэтэн, абы мыпхуэдэу итщ: «КъызжеIэ Иманым теухуауэ». Абы жиIащ: «Алыхьыр, Абы И мэлыIычхэр, И тхыгъэ къригъэхар, Абы и лIыкIуэхэр, Къемэт махуэр уи фIэщ хъунырщ, апхуэдэуи, фIыгъуэхэри бэлыхьхэри убзыхуауэ зэрыщытыр уи фIэщ хъунырщ»[29].

3. ТегъэщIапIихыр уи фIэщ хъуным мы дуней гъащIэми, къыкIэлъыкIуэнуми насыпым укъызэрыхуишэнур къагурыгъэIуэн.

4. Алыхьыр фIыуэ лъагъуныр, Абы хуэпщылIыныр Иманым и нэщэнэхэу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн. Алыхьым и нэIэ зэрыщIэтыр зэхэщIэн гъэпщкIуауи,

29. Муслим (8)

наІуэуи. КъурІэным еджэн, абы щІэгупсысын, апхуэдэуи абы къызэригъэувым хуэдэу Іуэхущ Іафэхэри лэжьын. Псапэ пщІэурэ, Къемэт махуэм зыхуэгъэхьэзырын. ГъащІэ къыпхуатхамкІэ арэзыуэ щытын.

5. Алыхьым къригъэха пэжыгъэхэм, мэлыІычхэм тепсэлъыхьын, Бегъымбархэм я цІэ зыбжанэхэр къиІуэн.

6. ЦІыху гъащІэр убзыхуауэ зэрыщытым теухуа фІэщхъуныгъэр къызыхэщ жыІэгъуэ зыбжанэхэм хуегъэсэн, псалъэм папщІэ, «Къэддэрэ Аллаху уэ ма ща◎э фэ’эл» «Алыхьым апхуэдэу иубзыхуащ, икІи зэрыхуейм хуэдэу ищІащ».

7. Иманым и тегъэщІапІихыр уи фІэщ хъун зэрыхуейр къагурыгъэІуэн, икІи абыхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми зымыдэм дин фІэщмыхъуныгъэ къигъэлъэгъуэнущ.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакІуэм и къалэнщ:

- Иманым и тегъэщІапІихыр кърибжэкІыфыну;
- а тегъэщІапІэхэм я зэкІэлъыкІуэкІэр ищІэну;
- Иманыр– ар псалъэкІэ, ІуэхугъуэхэмкІэ, фІэщхъуныг ъэхэмкІэкъызэрагъэлъагъуэркъыгурыІуэну.

# Дерс е-6-нэ. Къемэт махуэм и фIэщхъуныгъэ

Иманым и щIэгъэкъуапIэхэм язщ цIыхум Къемэт махуэр и фIэщ зэрищIын хуейр, нэхъ пэжу жыпIэмэ – къызэрыхъужынур. Сыт къэхъужыным къикIыр? Ар цIыхухэр лIа нэужь, Алыхьым къызэригъэхъужырщ, къалэжьахэркъалъигъэсыжынпапщIэ. Къэхъужыныгъэр уи фIэщ щIыным сыт хуэдэ хабзэ къыдекIуэкIхэр? Ар Iэмал зимыIэ фIэщхъуныгъэщ, Алыхьу Таалэм-тIэ жиIащ: «Дэ фэ абы фыкъыхэтщIыкIащ, икIи абы фыдгъэкIуэжынурэ, иджыри зэ фыкъыхэдгъэкIыжынущ»[30]. Къэхъужыныгъэр зи фIэщ зымыщIым, Алыхьри и фIэщ хъукъым.

### Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр

1. Хэт цIыхухэр лIа нэужь къэзыгъэхъужынур?
2. Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж.

Къэхъужыныгъэр зи фIэщ хъухэм … , ауэ ар зи фIэщ мыхъум … .

3. Алыхьым и псалъэхэр и кIэм нэгъэсыж: «Дэ фэ абы фыкъыхэтщIыкIащ … »

**Къемэт махуэм, и IуэхущIафэхэр зэрыт тхылъыр и Iэ ижьым зралъхьэжа цIыхур, насыпыфIэхэм ящыщ хъунущ, икIи абы ипшыныжынур мыхьэнэншэу щытынущ. Ауэ зи тхылъ Iэ сэмэгум IэщIалъхьэжыр, зи псэ хьэзаб хьэлъэ къытехуэнухэм яхыхьэнущ.**

30. КъурIэн (20:55)

**ЕгъэджакӀуэм папщӀэ**

1. Къемэт махуэр, къэхъужыныр, щхьэж дунейм зэрытетамкӀэ къилэжьар къызэрылъысыжынур, апхуэдэуи, а махуэм епха Ӏуэхугъуэ зыбжанэхэр Ӏэмал имыӀэу я фӀэщ зэращӀын хуейр къагурыгъэӀуэн. ИкӀи Алыхьым, И пщылӀхэм къахуригъэха Ӏэятхэм зэритым хуэдэу псэуахэр, къызэрихъумэнур: «Зи тхылъ и Ӏэ ижьым ӀэщӀалъхьэжым, тезыр ихьынур мыхьэнэншэщ»[31]. ЛӀэныгъэм иужькӀэ къапэщылъым сыт щыгъуи хуэхьэзыру зэрыщытын хуейр еджакӀуэхэм я гум щӀэгъэбыдэн.

2. ЛӀэныгъэм иужькӀэ цӀыхухэр я мащэхэм къызэрикӀыжынум и купщӀэр, ар Алыхьу дыкъэзыгъэщӀам и къарум къызэрихьыр къагурыгъэӀуэн,

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакӀуэм и къалэнщ:

- «къэхъужыныгъэм» и мыхьэнэр зэхищӀыкӀыну;
- къэхъужыныгъэр зи фӀэщ зыщӀым и унафэ хъунур къыгурыӀуэну;
- къэхъужыныгъэр зи фӀэщ зымыщӀым и унафэ хъунур къыгурыӀуэну.

31. КъурӀэн (84:7-8)

# Дерс е-7-нэ. Ещанэ лъэхъэнэ - «ал-Ихьсан»

«Ал-Ихьсан» - ар уэ Алыхьыр уи пащхьэм щыплъагъум хуэдэу щхьэщэ щыхуэпщIым дежщ. Ауэ, ар умылъагъуми, уэ бощIэ Абы укъызэрилъагъур. Абы тегъэщIапIэ хуохъу Алыхьым и псалъэхэр: **«Алыхьыр игъусэщ тхьэшынагъэ зыхэлъхэм, икIи фIы зылэжьхэм»**[32].

## Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр

1. Псалъэ дэгъэхуахэр тхыж.

✍ Ал-Ихьсан–аруэАлыхьыруипащхьэмщыплъагъум хуэдэу … . Ауэ ар … , … уэ Абы укъызэрилъагъур.

✍ Диным щыщу ещанэ лъэхъэнэр – ар … , икIи ар псом нэхъ лъагэщ.

2. Ихьсаным тегъэщIапIэ хуэхъур жыIэ.

3. Иманзыхэлъ цIыхур дыгъуэкъым, арзыми къимылъагъуми. Сыт щхьэкIэ?

4. Мы псалъэухахэр щэрыщэ къифтхыкI.

✍ Сэ Алыхьыр сытым щыгъуи зэхызощIэ, абы щхьэкIэ хьэрэмагъэ злэжькъым наIуэуи, гъэпщкIуауи.

✍ Сэ Алыхьым и арэзыныгъэ къэзлэжьыну сыхущIэкъуу, Абы сыхуопщылI.

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. Ихьсан лъэхъэнэр диным и лъэгапIэ нэхъ ин дыдэу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн.

32. КъурIэн (16:128)

2. Нэсу Алыхьым хуэпщылIыныр Ихьсану зэрыщытыр къагурыгъэIуэн.

3. Алыхьыр гъунэгъуу зэрыщыIэр зыхегъэщIэным еджакIуэхэр къыхуеджэн, Тхьэшхуэм зэрыжиIам хуэдэу:

**«ИпэжыпIэкIэ, Алыхьым псори фыкъелъагъу»**[33]. Тхыдэм щыщ хъыбар зыбжанэхэр ягу къэгъэкIыжын, псалъэм папщIэ, Умар ибн ал-ХъэтIыбрэ Алыхьым щышынэу псымрэ шэмрэ зэхикIэну зымыда хъыджэбз цIыкIумрэ я хъыбарыр.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- Ихьсан псалъэм къикIыр зэхищIыкIыну;
- Ихьсаным и тегъэщIапIэр ищIэну;
- Тхьэм хуэпщылIыным гупцIанагъэкIэ бгъэдыхьэну.

33. КъурIэн (4:1)

# Дерс е-8-нэ. Ещанэ лъабжьэр: цIыхум Мухьэммэд Бегъымбарыр ﷺ къызэрихутэр

Лъабжьищыр – ахэр цIыхум и Тхьэр, и диныр, и Бегъымбарыр ﷺ къызэрихутэрщ.

Си Бегъымбарыр – Мухьэммэд ибн Iэбдэллыхь ибн Хьэбд ал МутIэлиб ибн Хьэщым, къурэйшхэм ящыщ, къурэйшхэр хьэрыпхэм ящыщу щытащ. Си Бегъымбарыр, Мухьэммэд, бегъымбархэм я мыхъурт, ар къыщыхощ Алыхьым и псалъэхэм: **«Мухьэммэд фэ фщыщ лIы гуэрми и адэу щытакъым, ар Алыхьым и лIыкIуэт, икIи яужьырей бегъымбарт. Алыхьыр сытми щыгъуазэщ!»**[34]. Ар фIыуэ лъагъуныр, абы и унафэм щIэтыныр муслъымэн псоми я къалэнщ.

### Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр

1. Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж.

Си Бегъымбарыр – Мухьэммэд ибн … ибн Хьэбд ал МутIэлиб ибн … .

Бегъымбарыр фIыуэ лъагъуныр, абы и унафэм щIэтыныр …

Бегъымбархэм я мыхъуру щытыр … .

Сэ Алыхьым и ЛIыкIуэр фIыуэ солъагъу икIи и псалъэхэм … , и … согъэзащIэ.

2. Бегъымбарым ﷺ жиIащ: «Мэрем жэщымрэ махуэмрэ фIыщIэ къысхуэфщIым хэвгъахъуэ. ФIыщIэ псалъэхэр къысхужызыIам-тIэ, Алыхьым абы бгъэдилъхьэж фIыгъуэр

34. КъурIэн (33:40)

пщIыкIэ игъэбэгъуэнущ[35]»[36].

**Мы хьэдисым еджэ, упщIэм жэуап ет:**

**А.** Сыт хуэдэ махуэм нэхъыфI Мухьэммэд Бегъымбарым ﷺ фIыщIэ псалъэхэр хуэбгъэзэну?

**Б.** ЕгъэджакIуэм игъусэу хъыбар гуэр уигу къэгъэкIыж Алыхьым и ЛIыкIуэм ﷺ и гъусахэм абы лъагъуныгъэ хуаIам теухуауэ.

**В.** Мыр щэ къитхыкI

✍ Сэ Алыхьым и ЛIыкIуэр ﷺ фIыуэ солъагъу икIи и унафэхэр согъэзащIэ.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. ЯпэкIэ дызэджа лъабжьитIыр къэпщытэжын, ахэр ещанэм епха зэрыхъуам тепсэлъыхьын.

2. Дерсым и псалъапэр зытеухуар, Мухьэммэд Бегъымбар ﷺ къэмыкIуэ щIыкIэ, цIыхухэр сыт хуэдэ фIэ щхъуныгъэнэпцIхэмкIэпсэуамикъэгъэлъэгъуэнырщ.

3. ЛIыкIуэм ﷺ и лIакъуэм иIа фIагъыр зэпкъырыхын.

4. «Бегъымбархэм я мыхъур» жыхуиIэм и мыхьэнэр къагурыгъэIуэн. Абы къикIыр «Ар – абыхэм я иужьырейщ, икIи абы иужькIэ афIэкIа нэгъуэщI зыри къэкIуэнукъым».

5. ЛIыкIуэр ﷺ егъэлеиныгъэ хэмылъу фIыуэ лъагъуным теухуа къалэн, псалъэм щхьэкIэ, апхуэдэхэщ лъэIукIэ, дэIэпыкъуэгъукIэ зыхуэгъэзэныр.

---

35. Алыхьым и фIыщIэр – фIыщIэ псалъэхэмкIэ и пщылI гупхэм зыщцыхуигъазэращ

36. Байхаки «Сунан» е-3-нэ том, нап. 249

6. ЕджакӀуэхэм къагурыгъэӀуэн, ЛӀыкӀуэм ﷺ хуаӀэ лъагъуныгъэм абы и унафэхэм едэӀуэныр, и псалъэхэмкӀи ӀэхущӀафэхэмкӀи щапхъэ техыныр къалэну къызэригъэувыр.

7. ЕджакӀуэхэр къыхуеджэн сыт щыгъуи сэлам псалъэхэр Мухьэммэд ﷺ хужаӀэну, ахэр абы и цӀэм пыту жыӀэным псапэшхуэ къызэрыпэкӀуэм щхьэкӀэ.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакӀуэм и къалэнщ:

- Бегъымбарым ﷺ и лӀакъуэр къэрибжэкӀыфыну;
- Бегъымбарыр ﷺ фӀыуэ илъагъуну икӀи и унафэ игъэзэщӀэну;
- Мухьэммэд Бегъымбарыр ﷺ бегъымбархэм я мыхъуру зэрыщытым тегъэщӀапӀэ хуэхъу аятыр игу иригъэлъыну.

# «Ал-Фикъхь»

## Дерс е-1-нэ. Темэхэр псори къэпщытэжын

**УпщӀэхэр:**

1. Сыт уэ псыунэ нэужьым Ӏэмал имыӀэу пщӀэн хуейр?

2. «Ал-Ӏысынджэ», «ал-Ӏыстынджмар» терминхэм я мыхьэнэр жыӀэ.

3. Андез къыщыпщтэкӀэ, мы Ӏэпкълъэпкъхэр зэрызыкӀэлъыбгъэкӀуэн хуейм хуэдэу гъэув

*ЛъакъуитӀыр / ӀитӀыр / щхьэр / нэкӀур*

4. Дэпхуэдэу андез цӀыкӀур къызэрыщтэн хуейр?

5. Андезыр зыкъутэ Ӏуэхугъуэхэр къебжэкӀ.

6. Зейд андез цӀыкӀур къищтэри, итӀанэ жеящ. ИужькӀэ къэтэджыжащ нэмэз ищӀын папщӀэ. Пэж абы и андезыр икӀи сыт щхьэкӀэ?

7. Нэмэзым хыхьэ ал-Ӏыстыфтахь псалъэхэр уигу къэгъэкӀыж.

8. Дэпщэщ ал-Ӏыстыфтахьым къыщеджэн хуейр?

# Дерс е-2-нэ. Іэмал зимыІэ нэмэз щІыгъуэхэр

Нэмэзыр – ар Ислъамым и тегъэщІапІэхэм щыщу етІуанэ тегъэщІапІэщ, щыхьэт псалъитІым яужькІэ къокІуэ.

Нэмэзым хуэсэкъыныр Жэнэтым ущІэкІуэн щхьэусыгъуэщ, ар ІэщІыб щІыным Жыхьэнмэм укъыхуишэнущ.

Зы жэщ-махуэм къриубыдэу Іэмал имыІэу щІын хуей нэмэзхэр тху мэхъу. Ахэр:

1. «Ал-Фаджр» (пщэдджыжь нэмэз), рэкатитІ мэхъу.
2. «Аз-Зухр» (шэджагъуэ нэмэз), рэкатиплІу зэхэтщ.
3. «Ал-Іэср» (ичынды нэмэз), рэкатиплІу зэхэтщ.
4. «Ал-Магърибм» (ахъшэм нэмэз), рэкатищ мэхъу.
5. «Ал-Іиша» (жэсы нэмэз), рэкатиплІ мэхъу.

### Тепсэлъыхьыным папщІэ упщІэхэр

1. Дэгъэхуахэр дэтхэж:

Ислъамым и тегъэщІапІэхэр 5 мэхъу. Ахэр:

- щыхьэт псалъитІыр.
- …
- Сэджыт тын.
- Рэмэдан мазэм нэщІын.
- ХьэжыщІ кІуэн

Нэмэзым хуэсэкъыныр … ущІэкІуэн щхьэусыгъуэщ, ар ІэщІыб щІыным … укъыхуишэнущ.

2. Зы жэщ-махуэм къриубыдэу Iэмал имыIэу щIы хуей нэмэзхэр къебжэкI

3. Сэтыр еххэр зэпыщIэ

| |
|---|
| **Пщэдджыжь нэмэз** |
| **Шэджагъуэ нэмэз** |
| **Ахъшэм нэмэз** |

| |
|---|
| **рэкатиплI** |
| **рэкатищ** |
| **рэкатитI** |
| **зы рэкат** |

4. Мы псалъэхэр пэжу зэблэгъэувыкIыж, псалъэуха къыхэкIын хуэдэу:

и чэзум / нэмэз ещI / Зейд

И тегъэщIапIэхэм щыщу / тегъэщIапIэщ / Нэмэзыр – ар / Ислъамым / етIуанэ

5. РэкатиплI хъу нэмэзыр къыхэгъэщ

- Пщэдджыжь нэмэз
- Шэджагъуэ нэмэз
- Ичынды нэмэз
- Ахъшэм нэмэз
- Жэсы нэмэз

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Нэмэзыр Ислъамым адрейи тегъэщIапIэхэм зэрыпыпщIэнум хущIэкъу.

2. ЕджакIуэхэр къыхуеджэн хуейщ Iэмал зимыIэ нэмэзхэр и зэманым ящIыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, аращ дин псор щытезыIыгъэр. Нэмэзыр къэзыгъанэм фIэщмыхъуныгъэ къегъэлъагъуэ. Бегъымбарым ﷺ жиIащ: **«Абыхэмрэ дэрэ дызэпызыщIэр – нэмэзыращ. Ар зымыщIым фIэщмыхъуныгъэ елэжь»[37].**

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- нэмэзым Ислъамым щиубыдувыпIэр нэсу къыгурыIуэну;
- жэщ-махуэм къриубыдэу Iэмал имыIэу ищIын хуей нэмэзхэр кърибжэкIыфыну;
- нэмэз къэс рэкат дапщэ хъуми жиIэфыну.

37. Тирмизи (2621)

# Дерс е-3-нэ. Ат-Тэшэхьуд

*/Ат-тэхьийату ли-Л ляхьи, уэ-с-сэля-уату уэ-т- тIэIибату, ас-сэляму ʻаляй-кя, аййу-хьа-н-набиййу, уэ рахьмэту- Алахьи уэ бэрэкяту-хьу, ас-сэляму ʻаляй-нэ уэ ʻаля ʻибади- Аляхьи-с-сали-хьин. Ашхьэду алля иляхьа илля-Л лахьу уэ ашхьэду Iэннэ Мухьэммэдан ʻабду-хьу уэ рэсулю-хь/*

## Дэпщэщ Тэшэхьудым къыщеджэн хуейр?

Абы къыщеджэн хуейр рэкатищ-рэкатиплI хъу нэмэзым и етIуанэ рэкатым иужьщ, икIи абы зэреджэр япэ тэшэхьудщ. Апхуэдэуи еплIанэ рэкатым иужькIэ нэмэз къэс укъеджэн хуейщ, абы зэреджэр иужьырей тэшэхьудщ.

## Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр

1. Тэшэхьудыр тхы
2. Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж

✍ Тэшэхьудым къыщеджэр рэкатищ-рэкатиплI хъу нэмэз къэс и етIуанэ рэкатым иужьщ. Абы щыгъуэ абы зэреджэр …

✍ Тэшэхьудым къоджэ нэмэз къэс и еплIанэ рэкатым, абы щыгъуэм абы зэреджэр …

3. Тэшэхьудым къыщыхощИслъамым и тегъэщIапIэхэм ящыщ зы. ЖыIэ ар.

Жэуап пэжыр къыхэх.

✍ Япэ тэшэхьудыр къыщыкIуэр

- Япэ рэкатым иужь
- ЕтIуанэ рэкатым иужь

Иужьырей тэшэхьудым къыщеджэр

- Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатым иужь
- Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатым ипэ

5. Тэшэхьудым тIэу къыщеджэн хуей нэмэзхэр зы сатыр ехыу къетхых, зы тэшэхьуд фIэкIа зыхэмытхэр – етIуанэ сатыру.

| Зы тэшэхьуд | ТэшэхьудитI |
|---|---|
| 1. ____________ | 1. ____________ |
| 2. ____________ | 2. ____________ |
| 3. ____________ | 3. ____________ |
| 4. ____________ | 4. ____________ |
| 5. ____________ | 5. ____________ |

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. «Тэшэхьудым» и мыхьэнэр зэпкъырыхын, еджакIуэхэм тыншу къагурыIуэн папщIэ.

**/Аттахьияту Лиллахьи/** - мы жыIэгъуэм фIэхъус къегъэлъагъуэ, кIэух зимыIэ, зи къарур ин Алыхьым хуэгъэзащ.

**/Уэ-с-сэля-уату/** - ахэр нэмэзхэращ, Iэмал зимыIэхэри, хэгъэзыхь зыхэмылъхэри, псори Алыхьым ейщ.

**/Уэ-тI-тIэIибату/** - ахэр Алыхьым и хьэтыркIэ ялэжь IуэхуфIхэращ, ипэжыпIэкIэ, Алыхьыр – ФIыщ, икIи фIы фIэкIа, зыри Iихыркъым.

2. Бегъымбарыр ﷺ фIыуэ зэрылъагъун хуейр, абы пщIэ зэрыхуэщIын хуейр ягу къэгъэкIыжын. Апхуэдэуи, иман зиIэ цIыхухэри фIыуэ лъагъун, пщIэ яхуэщIын зэрыхуейр.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- тэшэхьудыр гукIэ зригъэщIэну;
- нэмэзым дэнэ деж тэшэхьудым укъыщеджэн хуейми ищIэну.

# Дерс е-4-нэ. Бегъымбарым ﷺ и сэлэуатыр

## Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатыр

*/Аллахьуммэ сэлли ʻаля Мухьэммэд уэ ʻаля али Мухьэммэд, кя-ма сэлляйтэ ʻаля Ибрэхьимэ уэ ʻаля али Ибрэхьима, инна-кя Хьэмидун, Мэджид. Ал-лахьуммэ, барик ʻаля Мухьэммэд уэ ʻаля али Мухьэммэд кя-ма баракта ʻаля Ибрэхьима уэ ʻаля али Ибрэхьима, инна-кя Хьэмидун, Мэджид/*

Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатым къыщеджэн хуейр иужьырей тэшэхьудым иужьщ, сэламкIэ зэхуэщIыжыным ипэ къыхуэу.

## Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр

1. Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатыр тхы
2. Дэгъэхуахэр тхыж

Алыхь Таалэм и цIэхэм щыщу …

Бегъымбархэм я цIэхэм щыщу …

3. Жэуап пэжыр къыхэгъэщ.

Бегъымбарым ﷺ и сэлэуатым къыщеджэр

- рукухь щхьэщэм деж
- сэждэ щхьэщэм деж
- иужьырей тэшэхьудым иужь

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатыр кIэщI-кIэщIыурэ жаIэну еджакIуэхэр къыхуеджэн, нэхъыбэу абы и цIэр къыщраIуэм деж.

2. Алыхьым къыбгъэдэкI фIыщIэр – ар гупу зэхыхьа И пщылIхэм щытхъу псалъэхэр щыхуигъазэрщ.

3. Барэкэ (фIыщIэ) зищIысыр къагурыгъэIуэн – ар фIыгъуэр кIэи гъуни имыIэу щыщытым дежщ, икIи щыIэкъым нэхъ кIэ зимыIи, нэхъ гъунэнши, Алыхьым къыбгъэдэкI фIыгъуэм фIэкI, Абы И къарур инщ.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатыр гукIэ зригъэщIэну;
- Бегъымбарымﷺхуэгъэзасэлэуатымукъыщеджэн хуейр дэнэми, дэпщэщми ищIэну.

# Дерс е-5-нэ. Сэлэуат нэужьым Алыхьым зыщIыхуагъазэр

Муслъымэным тэшэхьудым къыщеджэкIэ, ди Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатым иужькIэ, Алыхьым зыхуегъазэ IуэхугъуиплIым щихъумэну:

**/Аллахьуммэинниаузубикяминазабиджэхьэннэм/**

— Уэ дэ ди Алыхь! Сэ уэ сынолъэIу Жыхьэнмэ мафIэм сыщыпхъумэну; **/уэ мин азабил къэбр/ —** мащэм и хьэзабзэми сыщыпхъумэну; **/уэ мин фитнати-л мэхъя уал мэмат/** — псэунми лIэныгъэми хэлъ бэлыхьхэм; **/ уа мин фитнатил мэсихьид дэджал/ —** Дэджал и къэкIуэкIэ хъунуми хэлъ бэлыхьым.

### Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр

1. Тэшэхьудым къыщеджэкIэ, цIыхухэр Алыхьым щIелъэIу IэхугъуиплIыр къебжэкI.

2. ЖыIэгъуэхэр нэгъэсыж

✍ Дэджал къакIуэмэ, укъызэрелыфын хэкIыпIэщ:

1) Алыхьым лъэIукIэ зыхуэгъэзэн …

2)… сурэм и аятипщI гукIэ зэгъэщIэн.

### ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. А IуэхугъуиплIым ущихъумэну Алыхьым зыхуэбгъэзэныр сыт щыгъуи къызэрезэгъыр къагурыгъэIуэн, уеблэмэ нэмэзым дежи, Бегъымбарым ﷺ апхуэдэу унафэ ищIащ.

Мы лъэIум и жыIэгъуэ зыбжанэхэр къыгурыгъэIуэн.

**«Сэ зыхузогъазэ»** - къегъэлыпӀэ къызолъыхъуэ.

**«Псэунми лӀэныгъэми хэлъ бэлыхьхэр»** - гъащӀэм щышэчын хуейхэмрэ, цӀыхур гъуэгу пэжым тезыш Ӏуэхугъуэхэмрэ, лӀэныгъэм игугъу пщӀымэ, язынык ъуэхэм зэрыжаӀамкӀэ, зи гугъу ищӀыр цӀыхум мащэм щихь бэлхьыращ, апхуэдэуи мэлыӀычитӀым я Ӏэхури хэту.

«Дэджал и къэкӀуэкӀэ хъунум хэт бэлыхьыр» - ар фэрыщӀ цӀыхущ, джаурщ, иужьырей зэману къыдэкӀынурэ ар езыр тхьэуэ игъэӀунущ. Алыхьым абы нэщэнэ зыбжанэхэр иритынущ, псалъэм папщӀэ, ар зи фӀэщ хъуахэм папщӀэ уэшх къригъэшхыфу, абы пцӀы иупсу жызыӀахэм папщӀэ – гъаблэрэ уэгъурэ, аращи абы куэдыр кӀэлъыкӀуэнущ. Абы щӀы псори къызэхикӀухьынущ, Мэккэрэ Мединэрэ нэмыщӀ, итӀанэ ар Исэ иукӀынущ, сэламыр зылъысын. Абы и бэлыхьым укъызэрелыфынур иман быдэкӀэщ, Алыхьым абы ущихъумэну лъэӀукӀэ зыхуэгъэзэнырщ, апхуэдэуи

«Ал-Кэхьф» («БгъуэнщӀагъ») сурэм и япэ аятипщӀыр гукӀэ зэзыгъащӀэри къелынущ, апхуэдэу жиӀащ Бегъымбарым ﷺ: **«Ал-Кэхьф сурэм и япэ аятипщӀыр гукӀэ зэзыгъащӀэм Дэджал зыщихъумэнущ»**[38].

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакӀуэм и къалэнщ:

- муслъымэныр и нэмэзым хэту Тхьэм щӀелъэӀур игу ириубыдэну;
- нэмэзым хэтуа лъэӀур щыжиӀэ хъунухэр кърибжэкӀыфыну.

38. Муслим (809)

## Дерс е-6-нэ. Нэмэзым теухуауэ

9. Сэ япэ щIыкIэ КъэблэмкIэ зызогъазэри, итIанэ /**Аллахьу Iэкбэр**/ жызоIэри тэкбиратул-Iихьрам сощI, ар щысщIкIэ, сэ си щхьэр здэзгъэтIылъынум деж соплъ, апхуэдэу, ал-Iыстыфтахь псалъэхэм сыкъоджэ.

10. Сэ жызоIэ /**АузубиЛляхьи минэш-шэйтIанир-рэджим бисмиЛляхьир-Рэхьманир-Рэхьим**/, итIанэ Ал-Фатихьэ къеджэн щIызодзэ, абы иужькIэ КъурIэн лъапIэм щыщу гукIэ сщIэр жызоIэ.

11. Сэ си Iэхэр къызоIэтри, /**Аллахьу Iэкбэр**/ жызоIэ, итIанэ рукухь щхьэщэр сощIри, /**Субхьэнэ раббиял Iэзым**/ щэ къызобж.

12. Сэ захуэу сыкъэувыжурэ жызоIэ /**Сами'алЛахьу лиман хьэмидэ Рэббанэ уэ лякал хьэмд хьэмдан кэссир тIэIибан мубэракан фи/.**

13. Сэ тэкбир жызоIэри, Iэплъэпкъ IыхьиблкIэ сэждэ щхьэщэр сщIыуэ, си щхьэр щIым согъэтIылъ, итIанэ щэ жызоIэ /**Субхьэнэ Раббиял А'ля/.**

14. Сэ /**Аллахьу Iэкбэр**/ жысIэу сыкъотэджыжри, сэждэ щхьэщэхэм я зэхуакум /**Рабигъфирли**/ жызоIэ.

**15.** /**Аллахьу Iэкбэр**/ жызоIэри, етIуанэ сэждэр сощI, си щхьэр щIым щылъу /**Субхьэнэ Раббиял А'ля**/ щэ жызоIэ.

16. Сэ /**Аллахьу Iэкбэр**/ жызоIэри, етIуанэ рэкатыр сщIыну сыкъотэджыж, итIанэ япэ рэкатым сщIа дыдэхэм къытызогъэзэж.

17. Сэ етIуанэ рэкатым иужькIэ, япэ тэшэхьудым сыкъеджэну сыкъотIыс.

18. Си нэмэзым къэнар сыухыху япэ рэкатитIым щысщIахэм къытызогъэзэж.

19. Си нэмэзым и кIэухым деж иужьырей тэшэхьудым сыкъеджэну сыкъотIыс, апхуэдэуи Бегъымбарым ﷺ хуэгъэза сэлэуатым сыкъоджэ, итIанэ Алыхьым солъэIури, си дамитIымкIи си щхьэр згъазэурэ, сэлам сохыж / **Ассаламу алейкум уэ рэхьмэтуЛлахь/.**

### Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр

1. Нэмэзыр зэрыщIын хуейр жыIэ.

2. Псалъэхэр здэщытын хуейм деж дэгъэувэж:

/Ал-Фатихьэ / Аллахьу Iэкбэр / Ал Къэблэ / КъурIэн лъапIэм щыщу гукIэ ищIэм щыщ /

Муслъымэныр нэмэзым щытеувэкIэ … зегъазэ, итIанэ нэмэзым ипэ къихуэу … жеIэ, итIанэ ар къоджэ

… сурэм, абы иужькIэ … къоджэ.

3. Мы усэм къеджэ:

بُنَيَّ تَوَضَّأْ وَقُمْ لِلصَّلَاةِ وَصَلِّ لِرَبِّكَ تَكْسَبْ رِضَاهْ
بُنَيَّ تَوَضَّأْ بِمَاءٍ طَهُورٍ فَمَاءُ الوُضُوءِ لِوَجْهِكَ نُورْ
إِذَا رَضِيَ اللهُ عَنْ مُسْلِمٍ يَنَالُ السَّعَادَةَ طُولَ الحَيَاةْ

/Бунейя тэуэддэI уа къум лиссэла
уа салли лирэббикэ тэксэб ридахь

бунейя тэуэддэI бимаин тэхьур
фэмаул вуду-и ли уажьхьикэ нур

иза радыйэ Аллаху хьэн муслим
йаналю Iэсэхьадэтэ тIулэ алхьэйа/

***Уэ си къуэ, уэ си пхъу цIыкIу!***

***Къащтэ андезри, нэмэзым къэув!***

***Нэмэз щIы уи Тхьэ лъапIэм щхьэкIэ,***

***Алыхьым и арэзыныгъэр къэблэжьын щхьэкIэ,***

***Уи нэмэзыр адэ лъагэу дэкIуеящ.***

***Уэ си къуэ, уэ си пхъу цIыкIу!***

***Къащтэ андезыр псы къабзэкIэ!***

***Псым уи нэгум нурыр къырихыу ищIынущ,***

***Уи гум псэхупIэ къритынущ.***

***ИпэжыпIэкIэ, Алыхьыр***

***Уи нэмэзымкIэ арэзы хъуамэ,***

***Уи гум шынэр кърихынущ,***

***Уи гуащIэ псори насыпыфIэ ищIынущ.***

**УпщIэхэм жэуап ет**

- Муслъымэным сыткIэ андез къызэрищтэр?
- Нэмэзым хъер къыпыкIхэр уигу къэгъэкIыж.

4. Жэуап пэжыр къыхэх

Нэмэзым сыкъыщеджэкIэ сэ сопль

- Унащхьэм
- Блыным
- Сэждэ щысщIынум

Рукухь щхьэщэ щысщIкIэ, сэ си Iэхэр тызолъхьэ

- Си лъэгуажьэхэм
- Си лъэдийм

Сэждэ щысщIкIэ, сэ жызоIэ

- Субхьэнэ Раббиял А'ля
- Субхьэнэ Раббиял Азым

5. Япэ сатыр ехым ит псалъэхэр етIуанэм ит псалъэхэм пэжу хуэгъэкIуэж.

| | |
|---|---|
| А. Сэ сэждэ щысщIкIэ, жызоIэ<br>Б. Сэ рукухь щысщIкIэ, жызоIэ<br>В. СэждитIым я зэхуакум жызоIэ<br>Г. Рукухь щхьэщэм иужькIэ, сыкъэувыжурэ жызоIэ | 1. Субхьэнэ Раббиял \`Азым<br>2.Субхьэна Раббиял А\`ля<br>3.Сами\`алЛахьу лиман хьэмидэ<br>4.Аллахьу Iэкбэр |

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

**1.** ЕджакIуэхэм я пащхьэ нэмэз щыщIын хуейщ.

**2.** ЕджакIуэ къэс нэмэзыр зэрищIыр игъэлъэгъуэну пщэрылъ хуэщIыпхъэщ, щыуагъэхэр къыхэгъэкIын папщIэ.

**3.** Щыуагъэ куэд ящIамэ, иджыри зэ нэмэз щIыкIэр ягъэлъэгъун хуейщ.

**4. /Субхьэнэ Раббиял`Азым/ /Субхьэна Раббиял А`ля/** - зэ нэхъ мыхъуми жыIэн зэрыхуейм гу лъегъэтэн.

**5.** Нэмэзым и кIэухыу Бегъымбарым ﷺ сэлам зэрихыжу щытар къагурыгъэIуэн, ар Амир ибн Саад и адэм къызэриIуэтэжам хуэдэу, жиIащ: **«Сэ слъэгъуащ Бегъымбарым ﷺ сэлам щихыжым, ижьымкIэ итIанэ сэмэгумкIэ зэрыплъар, абы и нэкIуитIым я хужьагъри слъагъуу»[39].**

**6.** ЦIыхубзым нэмэз щищIкIэ, и нэкIумрэ и Iэ бэлагъитIымрэ фIэкI къыщIэмыщу, Iэпкълъэпкъ псори зэрыщIихъумэн хуейр къагурыгъэIуэн, уеблэмэ, хамэ цIыхухъу гъунэгъуу щымытми.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- нэмэз щIыкIэр нэсу къыгурыIуэну;
- нэмэзыр пэжу ищIыфу зригъэсэну.

39. Муслим (5826)

# Дерс е-7-нэ. Нэмэзыр зыкъутэхэр

**Нэмэзыр екъутэ:**

1. Шхэным
2. Ефэным
3. Псалъэным
4. Дыхьэшхыным
5. Андез цІыкІур зыкъутэ псоми
6. Зыгъэхъеиныгъэ лей куэдым

Абыхэм щыщ гуэр нэмэз щІыгъуэм къыщыхъуамэ, нэмэзыр мэкъутэ, итІанэ ар къыщІэдзэжауэ щІын хуейщ.

Нэмэзыр сабыру пщІыфын щхьэкІэ, уегугъун хуейщ.

**Тепсэлъыхьыным папщІэ упщІэхэр**

1. Нэмэзыр зыкъутэхэр къебжэкІ.

2. Сыт нэмэз зыщІым ищІэн хуейр, абы и нэмэзыр къутамэ?

3. Псалъэуха къэс нэмэзырзыкъутэр къыхэгъэщхьэхукІ.

Нэмэз щищІым, Зейд къилъэгъуащ и къуэш Анас абы и бжэмышхыр къызэрищтэр, икІи жриІащ:

«Къомыщтэ си бжэмышхыр!».

Зейд пэшым щІэсу нэмэзыр здищІым, бжэм зыгуэр къызэрытеуІуэр зэхихащ, ар кІуэри бжэр къыІуихащ, итІанэ къигъэзэжри, и нэмэзым пищэжащ.

✍ Амр нэмэз щищIым, къилъэгъуащ, и къуэш нэхъыщIэр, къщытэджым щыгъуэ, зэрыджэлар, итIанэ Амр дыхьэшхащ.

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. ЕджакIуэхэм я гъусэу къытегъэзапхъэщ андез цIыкIур зыкъутэ Iуэхугъуэхэми.

2. Нэмэз щыпщIкIэ, сабырагъ зэхэбгъэлъыным мыхьэнэшхуэ зэриIэм тепсэлъыхьын.

3. ЕджакIуэ зыбжанэм я ныбжьэгъухэм я пащхьэ нэмэз щегъэщIын, адрейхэм пщэрылъ яхуэщIын щыуагъэхэр къагъуэтыну.

4. Андез цIыкIур зыкъутэ Iуэхугъуэ зыбжанэхэр ягу къэгъэкIыжын.

5. Нэмэзыр щыпщIкIэ, щымыщу псэлъэным ар зэрикъутэр къагурыгъэIуэн.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- нэмэзыр зыкъутэхэр ищIэну;
- инэмэзыр къутахъуамэ, ищIэнхуейр къыгурыIуэну.

**ГуащӀэмрэ ГущӀэгъумрэ Зыхэлъ Алыхьым И ЦӀэкӀэ**

Уэ си къуэш егъэджакӀуэ! Уэ си къуэш гъэсакӀуэ! Уэ си къуэш адэ! Уэ си къуэш еджакӀуэ!

Ассэламу алейкум уэ рэхьмэтуЛлахьи уэ бэрэкятухь! ИтӀанэ:

Сауд Хьэрыпым егъэджэныгъэмкӀэ и министерствэм и жьауэм щӀэт шэрихьэт программэхэр зыхэгъэувэнымкӀэ Администрацэм, ди тхылъым теухуауэ, сыт хуэдэ чэнджэщ ептынуми, щыуагъэр ебгъэлъэгъунуми зыхуэбгъэзэну и гуапэщ. Ди контактхэр адэкӀэ къыщыдгъэнэнщ:

1. Телефон занщӀэр: 014021095
2. Министерствэм и телефоныр: 014042888
3. Факсыр: 014081297

Электроннэ пощтыр: runit@moe.gof.sa

# Псалъащхьэ

Хэзыгъэгъуазэ ....................................................................................4

**«Ат-Тэухьид»** (Япэ илъэс ныкъуэр).....................................8

Дерс е-1-нэ. Япэ классым хэта темэхэркъэпщытэжын ......8

Дерс е-2-нэ. Лъабжьищ ..........................................................10

Дерс е-3-нэ. Япэ лъабжьэр: цIыхум и Тхьэр къицIыхун...12

Дерс е-4-нэ. Жынхэмрэ цIыхухэмрэ я къэгъэщIыгъуэм гупсысэ хэлъыр ...............................................................16

Дерс е-5-нэ. Алыхь Закъуэм хуэпщылIыным фIэкIыпIэ зэримыIэр .......................................................................19

Дерс е-6-нэ. Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщIхэми хуэпщылIыныр тхьэнэпцIагъэщ ...........................................22

**«Ал-Фикъхь»** ..........................................................................25

Дерс е-1-нэ. Япэ классым хэта темэхэр къэпщытэжын ...25

Дерс е-2-нэ. Псымрэ мывэхэмрэ къызэрагъэсэбэпыр .....27

Дерс е-3-нэ. Андез цIыкIум теухуа хабзэхэр.........................30

Дерс е-4-нэ. Андез цIыкIур зыкъутэ Iуэхугъуэхэр .............34

Дерс е-5-нэ. Нэмэзым ипэ къихуэ лъаIуэныгъэ. «Ал-Iыстыфтахь» духьэр .........................................................36

**«Ат-Тэухьид»** (ЕтIуанэ илъэс ныкъуэр)..............................39

Дерс е-1-нэ. БлэкIа темэхэр къэпщытэжын ........................39

Дерс е-2-нэ. ЕтIуанэ лъабжьэр: цIыхум и диныр, ар лъэхъэнищ зэрыхъур къызэрищIэр......................................40

Дерс е-3-нэ. Ислъамым и тегъэщIапIэхэр...........................42
Дерс е-4-нэ. Щыхьэт жыIэгъуитIым я мыхьэнэр...............45
Дерс е-5-нэ. ЕтIуанэ лъэхъэнэ – «ал-Иман» (ФIэщхъуныгъэ) ..................................................................48
Дерс е-6-нэ. Къемэт махуэм и фIэщхъуныгъэ ...................51
Дерс е-7-нэ. Ещанэ лъэхъэнэ - «ал-Ихьсан»........................53
Дерс е-8-нэ. Ещанэ лъабжьэр: цIыхум Мухьэммэд Бегъымбарыр (с) къызэрихутэр.............................................55

**«Ал-Фикъхь»** .......................................................................58
Дерс е-1-нэ. Темэхэр псори къэпщытэжын ........................58
Дерс е-2-нэ. Iэмал зимыIэ нэмэз щIыгъуэхэр....................59
Дерс е-3-нэ. Ат-Тэшэхьуд ......................................................62
Дерс е-4-нэ. Бегъымбарым (с) и сэлэуатыр........................65
Дерс е-5-нэ. Сэлэуат нэужьым Алыхьым зыщIыхуагъазэр . ............................................................................................67
Дерс е-6-нэ. Нэмэзым теухуауэ.............................................69
Дерс е-7-нэ. Нэмэзыр зыкъутэхэр.........................................74

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ, ас-сэляму алейкум уэ рэхьмэтуЛлахьи уэ бэрэкятухь!

Ди гуапэщ ди тхылъхэр зи гум дыхьахэм ящыщу фытлъагъуну, ди лэжьыгъэм зэман хухэфхари, гулъытэ къыхуэфщIари ди дежкIэ лъапIэщ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр – хьер къызэпыкIын адыгэбзэ зэдзэкIыгъуэ сэбэпыр фи пащхьэ итлъхьэнырщ.

Абы хэтыуи, дэ къыдгуроIуэ, тхылъыр щытрадзэкIэ щыуагъэ гуэрхэри тIэщIэкIынкIэ зэрыхъунур. Дэ икъукIэ ди гуапэ хъунут фэ, ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ, ди тхылъыр нэхъыфI зэрытщIынымкIэ фыкъыддэIэпыкъуамэ. Фэ пцIыуэ къыфщыхъуахэр, е гу зылъыфта щыуагъэхэр, е нэгъуэщI ныкъусэныгъэ гуэрхэм фагъэпIейтеямэ, ди пощтым, е Telegram ботым фыкъэтхэну дынывольъэIу.

Фэ фи гулъытэхэмрэ, фи Iуэхуеплъыкlэхэмрэ ди дежкIэ лъапIэщ, икIи ди тхылъым дыщытелэжьыхьыжкIэ, зы тхыгъи гулъытэншэу къэдгъэнэнукъым. Фыфкъэтхэну дыпоплъэ, икIи ди лэжьыгъэр едгъэфIэкIуэнымкIэ щIэгъэкъуэн фыкъызэрытхуэхъум папщIэ ину фIыщIэ фхудощI.

ПщIэ къыфхуэзыщI,
Проектым и редколлегие

@ mail@abu-islam.com
@abuislam_feedback_bot